**ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ JOQARÍ HÁM ORTA ARNAWLÍ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI**

**ÁJINIYAZ ATÍNDAG'Í NÓKIS MÁMLEKETLIK PEDAGOGIKALÍQ INSTITUTÍ**

PEDAGOGIKA FAKULTETI

Pedagogika kafedrası

5110900 – "Pedagogika ha'm psixologiya" bakalavr tálim bag'darı 4-d kurs talabası

***<u>Begjanov Dawletbay Bazarbaevich</u>***

# PITKERIW QÁNIGELIK JUMÍSÍ

**Tema: Mektep oqiwshilarina ta'lim-ta'rbiya beriwde olardin' jas o'zgesheliklerin esapqa aliw.**

| | |
|---|---|
| *Talaba:* | *D.Begjanov* |
| *Ilimiy basshı:* | *doc. T. Saparbaev* |
| *Kafedra baslig'i:* | *doc. M.Pazilova* |

Kafedra májilisiniń 2018-jıl ___ ___ sánesindegi №__ protokolı menen qorg'awg'a ruxsat berildi.

Nókis 2018-jıl

# Jobasi.

**Kirisiw**…………………………………………………………………......3-7

**I-BAP. Mektep oqiwshilarina ta`lim-ta`rbiya beriwde olardin` jas o`zgesheliklerin esapqa aliwdin` pedagogikaliq a`hmiyeti.**

I.1. Mektep oqiwshilarina ta`lim-ta`rbiya beriwde olardin` jas o`zgesheliklerin esapqa aliwdin` mazmuni…………………………… 8-17

I.2. Kishi mektep jasi balalarinin` jas o`zgesheliklerine qaray rawajlaniwi, qa`liplesiwi . ………………………………………………………….. 18-36

**II-BAP. Orta ha`m joqari mektep jasi balalarinin` jas o`zgesheliklerine qaray rawajlaniwi qa`liplesiwi.**

II.1. Orta mektep jasi oqiwshilari ta`lim-ta`rbiyasinin` o`zine ta`n o`zgeshelikleri……………………………………………………………… 37-56

II.2. Joqari mektep jasi oqiwshilarina ta`lim-ta`rbiya beriwde jas o`zgesheliklerin esapqa aliw……………………………………………… 57-62

**Juwmaqlaw.** ……………………………………………………….... 63-67

**Paydalang`an a`debiyatlar .** ……………………………………………. 68-69

# K I R I S I W

**Temanin` aktuallig`i:** Tema ha`zirgi ku`nde ta`lim-ta`rbiya sistemasinda og`ada aktual mashqalalardan bolip esaplanadi. Jaslarg`a ta`lim-ta`rbiya beriwde olardin` jas o`zgesheliklerin esapqa almay ta`rbiyaliq ta`sir ko`rsetiw mu`mkin emes. Ta`lim-ta`rbiyada balaliqti jas da`wirlerge bo`liw, sol tiykarda qatnas jasaw og`ada erte waqitlardan-aq qolg`a aling`an.

Ja`miyettin` ruwxiy qa`liplesiwi onin` ta`lim ha`m ta`rbiyasi arqali ko`rinedi. Ta`rbiya ha`mme waqitta ja`miyettin` rawajlaniwina ha`r ta`repleme ta`sir etedi. Tiykarinda ha`r bir ja`miyettin` ta`g`diri o`sip kiyatirg`an jas a`wladtin` ta`rbiyasina, onin` ja`miyet ushin qanshama payda keltiriwi qanday insan bolip jetilisiwine baylanisli. Ta`rbiya ma`selesi haqqinda birinshi prezidentimiz I.Karimov Oliy Majilisinin` VI sessiyasinda so`ylegen bayanatinda «Milliy ruwxiyliq ha`m ta`rbiyanin` tikleniwi ushin ba`rshe sharayatlar jaratildi. Ja`miyetimizdi bekkemlew ha`m shan`araqlardin` baslaniwi sebepli insan ruwxi, juwapkershilikli ta`rbiya ha`m ma`denyattin` qu`diretli qatlamlari ashildi» [1]

Haqiyqatinda da bu`gingi ku`nde birinshi prezidentimiz I.Karimov joqarida atap ko`rsetilgenindey bu`gingi ku`nnin` a`himiyetli joqarida ma`selelerinin` biri bolip ta`lim-ta`rbiya islerine ayriqsha kewil bo`linbekte. Ta`lim-ta`rbiya isi O`zbekistan Respublikasi konstitutsiyasinda ja`miyetti sotsial-ekonomikaliq, ruwxiy ha`m ma`deniy rawajlandiriwdin` en` basli ta`repi dep atap ko`rsetilgen. Ol Respublikanin` ilim ha`m texnika, o`ndirislik texnologiya salasindag`i ku`sh-qu`diretin rawajlandiriw ja`miyet ha`m shan`araq aldinda o`z waziypasin tu`sinetug`in, ha`r ta`repleme shiniqqan, o`z betinshe pikir ju`rgize alatug`in adamdi qa`liplestiriw maxsetin go`zleydi. Sonliqtanda bu`gingi ku`nde Respublikamiz xaliq ta`limi sistemasinin` basli maqseti-jan`a sotsial ekonomikaliq yag`niy milliy tikleniw ha`m rawajlaniw jag`dayinda ju`zege kelip atirg`an o`zgerislerge say keletug`in ta`lim-ta`rbiya jumisinin` mazmunin islep shig`ip, oni a`melyatqa engiziw ma`seleleri bu`gingi ku`ndegi pedagogikada u`lken a`himiyetke iye waziypalardan biri bolip esaplanadi.

**1. Karimov I.A Hozirgi bosqishda demokratik isloxotlarni shuqurlashtirishnin` mu`xim vazifalari. Marifat gazetasi 1996y 30-avgust**

A`sirese o`spirim jasindag`i balalar oqiw protsesinde o`z ara qizig`iwinan talapshan` boladi. Bunda oqitiwshilar oqiwshilarg`a tikkeley jetkiziwshi olardin` sanasina sin`dirip jeke mu`lkine aylandiriwshi-bul oqitiwshi bolip tabiladi.

Solay etip, ta`lim-ta`rbiya jumisin qayta quriw tikkeley oqitiwshilar bilimi ha`m tayarlig`i menen baylanisli. Ha`r qanday oqitiwshi ta`rbiyashinin` ka`siplik jumisi quramali protses bolip, birinshiden iske do`retiwshilik qatnasta boliwi, ekinshiden oqitiwshinin` talapshan`lig`in talap etedi. Jas o`spirimler oqiwshilarg`a ha`r ta`repleme bilim ha`m ta`rbiya beriwde oqiwin keleshek zaman menen bu`gindi bir birine baylap, oqiwshilar sanasina, ruwxina, minez-qulqina ta`sir etip olardi o`z betinshe ha`m jeke pikir ju`rgize alatug`in shin ma`nisindegi adam etip ta`rbiyalaydi.

Ha`r birj as o`spirim bilim ha`m ta`rbiya aliw huqiqina iye bolip, bul bilimlendiriw haqqindag`i O`zbekistan Respublikasinin` nizaminda da to`mendegishe ko`rsetiledi:

4-statiya: Bilim aliw huqiqi ko`rsetilip: G`ha`r bir adamg`a jinisi, tili, jasi, rasasi, milleti, isenimleri, dinge mu`na`sebeti, sotsialliq shig`isi, shug`illanatug`in jumis tu`ri, ja`miyet awhali, jasaytug`in orni, O`zbekistan Respublikasinin` aymag`inda jasaw mu`ddetine qaramastan bilim aliw ushin ten`dey huqiqlar kepillestiriledi. Bilim aliw huqiqi minalar menen ta`minlenedi:

-ma`mleketlik ha`m ma`mleketlik emes bilimlendiriw ma`kemelerin rawajlandiriw menen;

-bilimlendiriwdin` ha`m kadrlar tayarlawdin` ma`mleketlik programmalari-boyinsha biypul oqiw menen, sonday aq sha`rtnama baslamalardi bilimlendiriw mykemelerinde to`lemli ka`siplik oqiw menen;

-kelesi basqishtag`i oqiw orinlarina bilimlendiriw ma`kemelerinin` barliq tu`rlerin pitkeriwshilerdin` ten`dey huqiqlari menen;

-shan`arag`inda yamasa o`zinin` sawatin ashiw joli menen bilim alg`an puxaralarg`a belgilengen bilimlendiriw mekemelerinin` eksteriat ta`rtibinde attestatsiyag`a huqiq beriw menen ta`minlenedi.

Basqa ma`mleketlerdin` puxaralari xaliq araliq sha`rtnamalarg`a-muwapiq O`zbekistan Respublikasinda bilim aliwg`a haqili. Respublikada jasawshi puxaralig`i joq adamlar O`zbekistan Respublikasi puxaralari menen bilim aliwg`a huqiqlarg`a iye»[2] dep ko`rsetiledi. Bilimlendiriw haqqinda O`zbekistan Respublikasinin` nizaminda demek oqiwshi qanday jasta ha`m qanday jag`dayda bolmasin ol bilim ha`m ta`rbiya aliwg`a toliq haqili.

**Jumistin` maqseti:** Mektep oqiwshilarina ta'lim-ta'rbiya beriwde olardin' jas o'zgesheliklerin esapqa aliwdin' sha'rt-sharayatlarin u'yreniw.

**Jumistin` waziypalari:** Mektep oqiwshilarina ta'lim-ta'rbiya beriwde olardin' jas o'zgesheliklerin esapqa aliw boyinsha a'debiyatlardi u'yreniw. Kishi, orta ha'm joqari mektep jasi balalarinin' rawajlaniw, qa'liplesiw o'zgesheliklerin u'yreniw.

**Izertlew obekti.** Mektep oqiwshilarina ta'lim-ta'rbiya beriwde olardin' jas o'zgesheliklerin esapqa aliwdin' barisi.

**Izertlew metodlari:** Mektep oqiwshilarina ta'lim-ta'rbiya beriwde olardin' jas o'zgesheliklerin esapqa aliw boyinsha a'debiyatlardi u'yreniw alding'i ta'jriybeler menen tanisiw, materiyallardi uliwmalastiriw.

**Jumistin` du`zilisi:** Biz pitkeriw qa`niygelik jumisin kirisiwb juwmaqlaw sonday-aq u`lken eki bap, to`rt bo`limnen ibarat etip orinladiq. Birinshi bo`limde Mektep oqiwshilarina ta`lim-ta`rbiya beriwde olardin` jas o`zgesheliklerin esapqa aliwdin` pedagogikaliq a`hmiyeti, ekinshi bo`limde Orta ha`m joqari mektep jasi balalarinin` jas o`zgesheliklerine qaray rawajlaniwi qa`liplesiwi mashqalalarin u`yreniwdi jobalastirdiq.

**2. Bilimlendiriw haqqindag`i O`zbekistan Respublikasinin` nizami. Qaraqalpag`istan mu`g`a`llimi 1997j 3-4-san 3-5 betler.**

## I-BAP. Mektep oqiwshilarina ta`lim-ta`rbiya beriwde olardin` jas o`zgesheliklerin esapqa aliwdin` pedagogikaliq a`hmiyeti.

### I.1. Mektep oqiwshilarina ta`lim-ta`rbiya beriwde olardin` jas o`zgesheliklerin esapqa aliwdin` mazmuni.

**Jas tu'sinigi** - dialektikaliq tu'sinikke muwapiq rawajlaniw tek san o'zgerisler, ha'r qanday psixikaliq o'zgesheliklerdin' sipatlardin' ha'm qa'siyetlerdin' ko'beyiwi yamasa azayiwi protsesi g'ana emes. Yag'niy psixikaliq rawajlaniwdi da jasqa bola bir na'rse ko'beyip baradi yamasa (balalar fantaziyasi, minez quliqtin' tez o'zgeriwi h.t.b) azayip baradi degenge toliq jatqarip g'ana qoyiwg'a bolmaydi. Rawajlaniw belgili jas da'wirlerinde psixikada sapa jag'inan jan'a o'zgeshelikler dep atalatug'in o'zgerislerdin' payda boliwi menen baylanisli. Ma'selen : balalardi oqiwg'a alti jasinan subektivlik tayarlig'i yamasa o'spirimlerdin' er jetkenligin seziwi usinday jan'a o'zgesheliklerge jatadi.

Psixikaliq rawajlaniwinda bala bir qatar da'wirlerdi basqishlardi o'tedi, olardin' ha'r biri belgili o'zgesheligi menen pariq etedi. Ha'zirgi jas psixologiyasinda balanin' ha'm oqiwshinin' rawajlaniwinin' to'mendegi tiykarg'i ajiratiw da'wirleri qabil etilgen: bo'bek jas (1 jasqa shekem), erte balaliq jas (1-3 jasqa shekem), mektepke shekemgi jas (3-5 jasqa shekem) mektep jasi (5 jastan 6- 7 jasqa shekem), kishi mektep jasi (6-7 jastan 11-jasqa shekem), o'spirim jas (11-15 jasqa shekem), erte jasliq yamasa joqari mektep jasi (15-18 jasqa shekem). A'lbette bul sxemag'a mektep reformasina baylanisli tiyisli o'zgerisler kirgiziledi, mektep reformasi 6 jastan baslap 11 jilliq oqiwg'a kem-kemnen o'tiwdi na'zerde tutadi.

Da'wirlerge usilayinsha bo'liwdin' tiykari etip ha'r bir jas ushin jetekshi jumis, jas qaramaqarsiliqlari ha'm a'hmiyetli jan'a o'zgeshelikler haqqindag'i tu'sinikler aling'an . Ha'r bir jas da'wiri ayriqsha sipati menen pariq etedi, onin' o'zinen alding'i da'wir tayarlaydi, onin' tiykarinda payda boladi ha'm o'z gezeginde kelesi da'wir ushin tiykar bolip xizmet etedi.

Shan'araqta ha'm mektepte balanin' jag'dayinin' o'zgeriwi onin' jumisinin' xizmetinin' jan'a formalari, ta'rbiyalaw formalarinin' o'zgeriwi ha'm onin' organiziminin' jetilisiwinin' ayrim o'zgeshelikleri usag'an faktorlar jas xarakteristikasin belgileydi. Solay etip, biologiyaliq kategoriyadan ko're sotsiyalliq kategoriya bolip tabiladi.

Ha'r bir jas sheginde a'dewir jeke ayirmashiliqlar bayqaladi. Olar :

- birinshiden, turmis keshiriw , jumis islew ha'm ta'rbiyalaw jag'daylarinin' individual variyantlarinin',
- ekinshiden ta'biyiy individual ayirmashiliqlardin' (atap aytqanda nerv sistemasinin' tipalogiyaliq sipatlarindag'i ayirmashiliqlardin') aqibeti bolip tabiladi.

Turmis keshiriwdin' jumis islewdin' ha'm ta'rbiyalawdin' konkret jag'daylari sheksiz ha'r qiyli bolg'an sayin jeke adamnin' individual o'zgeshelikleri de sheksiz ha'r qiyli boladi. Sonliqtan da jas aniq ha'm belgili xarakteristikalarg'a iye emes ja'ne absolut ha'm turaqli kategoriya bolip tabilmaydi. Jas o'zgeshelikleri degende ol yamasa bul jastag'i balalardin' a'dewir ta'n a'dewir xarakterli o'zgeshelikleri tu'siniledi. Al usinin' menen birge sol na'zerde tutiladi, ha'r bir oqiwshi individual sipatlarg'a da tek du'nya taniw jumisinin' emotsional turmisinin' , erkinin', xarakterinin', minez-qulqinin' tek o'zine ta'n o'zgesheliklerine iye .

**Senzitivlik da'wirler .** Adamg'a ta'n ten' da'rejeli emes psixikaliq rawajlaniwdi da ko'rsetip o'tiw za'ru'r, ol sonnan ibarat, oqiwdin' ha'm ta'rbiyalawdin' ha'r qanday sonin' ishinde en' qolayli jag'daylarinda da balada, oqiwshida ha'r qiyli psixikaliq o'zgeshelikleri, psixikaliq waziypalari ha'm psixikaliq sipatlari bir qiyli rawajlaniw da'rejesinde bolmaydi. Ayrim da'wirlerde psixikanin' ha'r qiyli ta'replerin rawajlandiriw ushin a'dewir qolayli jag'daylar payda boladi. Bul jag'daylardin' ayrimlari waqtinsha o'tkinshi xarakterge iye boladi. Psixikaliq ol yamasa bul sipatlar menen o'zgesheliklerdin' rawajlaniwi ushin jag'daylar a'dewir qolayli bolg'an jas da'wirlerin senzitivlik da'wirler ( tiyisli sirtqi ta'sirlerge a'dewir berilgish)

dep ataydi. Ma’selen: tildi rawajlandiriw ushin bir jastan bes jasqa shekemgi da’wir, ko’plegen xareket uqiplarin qa’liplestiriw ushin kishi mektep jasi senzitivlik da’wir bolip tabiladi. Eger senzitivlik da’wir qoldan berip qoyilsa, onda bunnan keyin tiyisli sipatlar qiyinliq penen rawajlanadi ha’m jetik rawajlaniwina erise almaydi. Senzitivlik miydin’ organikaliq pisip jetilisiw nizamliliqlarina da ayrim psixikaliq protsesler baylanisli.

Fizikaliq ha’m psixikaliq rawajlaniwdin’ ku’sheyiwi. Song’i on jilliqlarda balalardin’ ha’m o’spirimlerdin’ fizikaliq ha’m psixikaliq rawajlaniwdin’ progressiv jedellesiwi ha’mme jerde bayqalip atir. Bul qubilis akseliratsiya (latinsha «jedellesiw» ) dep ataladi. Balalar menen o’spirimler son’g’i waqitta fizikaliq jaqtanda psixikaliq jaqtan da tez o’sip ha’m rawajlanip ha’m bunnan bir neshe on jillar buring’ig’a qarag’anda rawajlaniwdin’ a’dewir da’rejesine erisip atir. Fizikaliq rawajlaniwdin’ ko’rsetkishleri (o’siw, salmaq, ko’kirek kletkainin’ ko’lemi, jinistin’ jetilise baslawi, su’yektin’ qatiw jasi) a’dewir erte jasta boladi . Ma’selen: bizin’ elemizdin’ orta esabina 15 ke shiqqan balani alsaq, onda XX a’sirdin’ basinan beri olardin’ ortasha o’siwi 20-22 sm , al salmag’i 15-16 kg o’sti , al jinisi 2,5 jil erte jetilise basladi. Al intelektualliq jag’inan balalar a’dewir rawajlang’an boldi, ko’birek biletug’in ha’m tu’sinetug’in boldi.

Akseleratsiya tutas sebepler kompleksine, sonin’ ishinde biologiyaliq sebepler kompleksine de (radio tolqinlardin’, ionli az mug’darli nurlaniwlardin’ ta’sir jasawi, awil xojalig’inda ha’m meditsinada biologiyaliq aktiv zatlardin’ o’siw ha’m rawajlaniw semulyatorlarinin’ qollaniwdin’ birden ko’beyiwi adamnin’ ratsiyoninda may belokli aziqtin’ salistirma salmag’inin’ artiwi h.t.b) sotsiyalliq sebepler komleksine de baylanisli. Akseleratsiya balalardin’ jas o’zgeshelikleri haqqinda bizin’ tu’siniklerimizdi a’dewir o’zgertedi ha’m pu’tkil oqiw ta’rbiya jumisin tiyisli da’rejede qayta quriwdi talap etedi. Mug’a’llim, ta’rbiyashi balalardin’ jas ha’m individual o’zgesheliklerin jaqsi biliwi za’ru’r. Ol tiyisli jastin’ ha’m belgili individual balinin’ o’zgesheliklerine, ma’plerine, talaplarina ha’m mu’mkinshiliklerine

muwapiq keletug'in pedagogikaliq formalardi, usillardi ha'm jollardi qollaniw mu'mkinshiligin ashiр beredi.

Ta'lim ta'rbiyada balalardin' jas o'zgesheliklerin esapqa aliw ta'jiriybesi xaliq pedagogikasinan baslanadi. Ata-babamiz insandi: shaqalaq , bala o'spirim , jasliq , jigitlik , go'delik , g'arriliq dep bir neshshe da'wirlerine ajiratqan . Ha'r bir jas da'wirindegi balanin' o'siw , ruwxiy jetiriw , minez qulqinin' qa'liplesiw o'zgesheliklerin baqlag'an. Balalardi keleshek turmisqa ha'm miynetke tayarlag'anda , ka'sip-o'nerge u'yretkende ha'm adamlar menen qarim-qatnasiqqa a'detlendirgende olardin' jas o'zgesheliklerin qatan' esapqa alip is tutqan .

Bizin' ulli pedagog , alim babalarimiz ta'lim-ta'rbiya jumislarinda balalardin' jeke o'zgesheligin esapqa aliwdin' za'ru'rliligin dunya birinshiler qatarina usinis etken , ma'selen Farobiy bilimdi jaslarg'a kishkeneliginen u'yretiwge ken'es beredi. Ta'lim-ta'rbiyani baslamastan aldin olardin' jas o'zgesheliklerin biliwdin' za'ru'rligin ko'rsetti. Oni aniqlamay turip alip barlig'in ta'lim-ta'rbiyanin' na'tiyjesiz bolatug'inlig'in qayta-qayta eskertti.Beruniy ha'r xaliqtin' o'zine mas oqitiw usillari , jollari , metodlari barlig'in ko'rsetip oqitiw sistemsin a'lipbeden baslawdi a'bzel esapladi.Adamdi ta'biyattin' bir bo'legi sipatinda qarap ta'lim-ta'rbiya bala ta'biyatina muwapiq boliwin qatar miynetlerinde bayan etti.

Oqiwshilardin' jas o'zgesheliklerin ha'm mu'mkinshiliklerin esapqa aliw bizin' milliy pedagogikamizdn' tiykarg'I prinsiplerinen biri bolip esaplanadi. Baslawish klas jas da'wirinde belgili anatomiyaliq-fiziologiyaliq, psixjlogiyaliq ha'm minez-quliq rawajlaniw o'zgesheligi ta'n boladi. Misali:oylaw, yadta saqlaw,kishi mektep jasi da'wirinde tez rawajlanadi. Usi mu'mkinshilikten o'z waqtinda paydalaniw bunnan keyingi da'wirlerde ol waziypani sheshowde mu'mkinshilik beredi, al geypara jag'daylarda qoldan Bergen imkaniyattan ornin toltiriw mu'mkin bolmayda qaladi.

Psixologiyaliq ha'm medetsinaliq izertlewdin' na'tiyjesinde ha'r tu'rli jas da'wirlerdegi ul ha'm qiz balalardin' boyg'a o'siwi, awirlig'i, ko'kirek qa'pesinin' shen'beri, o'kpe siyimlilig'i , dene sa'ykesligi, bulshiq etleri boyinsha qatar san

ko'rsetkishleri aniqlang'an. Usi mag'lumatlar negizinde baalardin' fizikaliq rawajlaniwinin' to'mendegi ayrim nizamlari ashilg'an. Bala kishi jastan fizikaliq jaqtan tez rawajlanadi, al u'lkeygen sayin rawajlaniw tezligi pa'seyedi. Onin' fizikaliq rawajlaniwi bir tegis bolmay bir da'wirde tez , basqa da'wirde a'ste boladi. Bala denesinin' ha'r bir organi bir tegis ha'n sa'ykessiz jetilisedi. Rawajlaniwdin' bir basqishi rawajlaniwdin' sapa pu'tkilley basqasha jan'a basqishtan tayarlaydi. Ha'r bir jas da'wirinde oqiwshilarda sensorliq (seziw, qabil etiw) aqiliy ha'm emotsiyaliq pratsessler o'zgeshe ko'shedi. Rawajlaniw basqishlarinin' mazmuninda ha'r bir ja'miyetlik tariyixiy da'wirde birdey bolmaydi . Ha'zirgi zamandag'i balalarda buring'i da'wirdegi ten'leslerine salistirg'anda rawajlaniwdin' tezlesiw qubilisi bayqalmaqta. Bul qubilis psixologiyada akselratsya-pratsessi dep ataladi.

Ha'r bir jas da'wirde ta'biyiy , turmis jag'daylarina , ta'rbiyag'a , miynetke ha'm adamlarg'a qatnasina baylanisli oqiwshilarda jas o'zgeshelikler , jan'a rawajlaniw mu'mkinshilikleri payda boladi. Ta'lim- ta'rbiya jumislarinin' sa'tli ha'm sa'tsiz , sapali ha'm sapasiz, na'tiyjeli ha'm na'tiyjesiz boliwi oqiwshilardin' mine usi jeke o'zgesheliklerin biliwden ha'm oni qatan' esapqa aliwdan g'a'rezli boladi. Mektep oqiwshilarinin' ha'r bir jas da'wirindegi balalardin' rawajlaniwi menen ta'rbiyalang'anlig'i da'rejesine pedagogikaliq sipatlama bergende olardin': birinshidean anatomiyaliq-fiziolagiyaliq jetilisiwine ekinshiden psixikasi menen biliw xizmetinin' : rawajlaniwina ha'm u'shinshiden minez qulqinin' qa'liplesiwi bas bag'dar etip alinadi. Endi biz usi ko'z qarastan ha'r bir jas da'wirinde oqiwshilardin' jeke o'zgesheliklerin esapqa ala otirip pedagogikaliq sipatlama beremiz.

Baslawish klas oqiwshilarinin' oqiwshilarinin' anatomiyaliq-fiziologiyaliq rawajlaniwi qatar jeke o'zgesheliklerge iye 6-7 jastag'i oqiwshilar basinin' su'yeklesiwi tiykarinan tamamlanadi, skeletinin' bekkemleniwi dawam etedi. Qol,ayaq, omirtqa, jambastin' su'yekleniwi ha'm rawajlaniwi ku'sheyedi. Bul jag'daylardi esapqa almay oqiwshilardi dawamli tu'rde jazdiriw, miynet penen ba'nt etiw, fizkult pauza o'tkermew olardin' rawajlaniwina ziyan tiygizedi. Sabaq

waqtinda oqiwshilardin’ partada naduris otiriwi , omirtqalarinin’ qiysayiwi, ko’kireginin’ qiysayiwina sebep boladi.

1-4-klas oqiwshilarinin’ psixikasi menen biliw xizmetinde de qatar o’zgerisler boladi. Miyinin’ rawajlaniwi nerv xizmetinin’ jetilisiwine ku’shli ta’sir jasaydi. Bas miyi awirliqqa artadi, nerv kletkalarindag’i o’zgerisler o’zgeredi. 7-10-11 jaslarda bas miyinin’ awirlig’i 1400-1500 gramm jetip u’lkenler miyinin’ awirlig’ina jaqinlasadi. Sananin’ minez quliq u’stinen qadag’alawi ku’she yedi, erki rawajlana baslaydi, toqtaliw pratsessi jedellesedi, sonday aq minez qulqinda buring’isha qozg’aliw u’stin turadi. Nerv psixikanin’ jigerli jawajlaniwina ku’shli ta’sirshen’ligi ha’m ha’reketshen’ligi, sirtqi ta’sirlerge beriliwshen’ligi olardi tez sharshatadi. Bul jag’day oqiwshilardin’ jumis tu’rlerine tez-tez o’zgerip, psixikasin iqtiyarlawdi talap etedi.

Kishi mektep jasindag’i oqiwshilardi psixikasi ha’m bilim uqipliliq-lari ta’lim-ta’rbiya pratsessinde jetilisip baradi. Iqtiyarsiz diqqatqa qarag’anda iqtiyarli diqqat ku’sheyedi. Degen menen olar bir zatqa diqqatin ko’birek toplap tura almaydi, diqqati da’rhal basqa jaqqa o’zgeredi. Zat ha’m qubilislardi qabil etkende olardin’ uqsasliqlarin, ayirmashiliqlarin ko’rsetiwde qiynaladi, tiykarg’i belgilerin ko’rsetiwdin’ ornina ekinshi da’rejeli belgilerine , diqqat awdaradi. Ma’selen S sesin S ha’ribi menen jaziwdin’ ornina belgisi menen jazadi. 6 ha’m sanlarin jaziwda qa’telesedi. Abstrakt oylawg’a qarag’anda olarda aniq oylaw basim keledi. Aniq oylawdi rawajlandiriw arqali abstrakt oylawdi rawajlandiriwg’a erimiledi. So’z ha’m abstrakt oylaw menen baylanisli ekinshi signal sistemsi tez rawajlanip baradi. Eslewler, tu’sinikler payda boladi, oqiw materiallarin bo’leklerge bo’liwge u’yreniledi, salistiriladi, juwmaq shig’ariladi, u’yreniledi, zatlar ha’m qubilislar uyimlastiriladi..

Baslawish klas oqiwshilarinda mexanik yadlaw (ma’nisine tu’sinbesten yadlaw) ma’nisine tu’sinip yadlawg’a qarag’anda u’stin keledi, avstrakt tu’siniklerdi yadlawg’a qiynaladi. Materiallardi bo’limlerge bo’lip bas ma’seleni tabiwg’a , yadlawda qaytip sho’lkemlestiriwde ta’jiriybesi jetispeydi. Sonliqtan oqiwshilar logikaliq oylawdan mexanikaliq oylawdi artiqmash ko’redi. Na’tiyjede

ayrim oqiwshilardi sabaqtan to’menlew, o’zlestirmewshilik kelip shig’adi. Erk spatlari ele rawajlanbag’anlitan qiyinshiliqi jen’iwde a’zzilik qiladi. Qiziq emes materiallardi u’yreniwde ko’p ku’shti sarip etedi, diqqati tez shalg’iydi. A’lbette barliq oqiw materiallari oqiwshilardi qizig’iw oyata almawi mu’mkin. Bunday jag’dayda mu’g’llimnen u’lken sheberlik talap etedi. Bul jastag’i oqiwshilarda oqiw miyneti birinshi, al oyin miyneti ekinshi oring’a o’tedi. A’meliy xizmet penen shug’illanadi, ja’miyetlik paydali miynetke qatnasadi, o’z o’zine xizmet etedi, o’nimli miynettin’ a’himiyetin an’lay baslaydi. U’lkenlerge miynette ko’mek beredi, ha’r tu’rli baslamalar ko’teredi, a’piwayi miynet islew ko’nlikpelerin iyelewge umtiladi.

Ruwxiyliq a’dep ikamliq ha’m estetikaliq ta’rbiya tarawlarinda alg’a ilgerilew ko’zge aniq taslanip turadi. Ulgili minez quliqli boliwg’a,jaqsi oqiwshi atag’in aliwg’a, ornin taza tutiwg’a, klasti azada tutiwg’a, suliw kiyiniwge umtiladi,gozzaliqqa umtiladi. Zatlarg’a ha’diyselerge adamlarg’a qatnasiwg’a ha’m baxa beriwde ko’rgenlerine, esitkenlerine, oqig’anlarina ata-anasinin’ a’sirese mug’lliminin’ aytqanina su’yenedi. Dunya iliminin’ dunyada en’ dana, bilgir adam dep esaplaydi. Ata-anasinin’ aytqanin orinlamasada “Mug’allim tapsirdi” dep onin’ talabin buljitpay orinlawg’a talpinadi. Minez qulqi og’ada sezimtalli keledi, ku’lip otirip jilap otirip ku’lipte jiberedi. Ta’sirge ku’shli beriledi, qiziq na’rsesine erisiwge ku’sh saladi, tez o’kpelesedi, tez jarasadi. Basqalardin’ minez qulqin baxalawda basqalardin’ xarakterine ushrasqan ha’tte kemshiliklerdi sezbedi. Sonin’ ushin olar o’zlerin jaqsi oqiwshilar qatarina kiritedi. Basqa oqiwshilar qag’iydani sa’l-pa’l buzsa sol waqitta mu’g’allimge shikayat etedi.

Baslawish klass oqwishilarinin’ ko’pshiligi o’zinin’ na’rsesi, basqanin’ zati, ma’mlekettin’ mu’lki tuwrali duris tu’siniklerge iye. Biraq ayirim oqiwshilar tawip alg’an zatti iyesiniki emes tawip alg’andiki dep dawa qiladi. Iyesine qaytariwdi talap etse “ag’ama aytip beremen” dep qorqitadi. Mektep mu’lkin qayerde turiwina qarap mug’llimdiki, direktordiki dep bo’ledi.  O’spirim jasin o’tiw da’wiri depte ataydi, sebebi olar ya bala ya u’lken adam emes, yarim bala-yarim jasliq kelbetinde boladi. O’spirim jasinda’g’i oqiwshilardin’ ishki dunyasinda ha’m minez-qulinda

u’lken o’zgeshelikler ju’zege shig’adi, dunya taniwinda ku’shli burilis seziledi, oqiw jumislarinda qatar jan’aliqlar bayqaladi. Usi o’zgeshelikler ha’m olardin’ harakteinin’ og’ada quramali, qarama-qarsiliqlar boliwi ta’lim ta’rbiya jumislarin biraz qiyinlastiradi. O’spirim jastag’i oqiwshilardin’ anatomiyaliq-fizijlogiyaliq rawajlaniwi ku’ta’ ilg’alli boladi ha’m bir tegis o’tpeydi. Jinisiy organlari rawajlaniwinin’, baslaniwi sebepli bul jag’day ja’nede quramalasadi. Jinis organlarinin’ jetilisiwi qizlarda 11-12, al ul balalarda 12-13 jastan baslanadi.

Denenin’ o’siwi tezlesedi, zat almasiwi ku’sheyedi, lekin fizikaliq jaqtan rawajlaniwda ten’sizlik payda bolip qol ayaqlari tez o’sedi, gewdenin’ rawajlaniwi birqansha artta qaladi. Wadrlap so’yleydi, awdan’lap ju’redi, boyg’a o’siwi geyde tezlesedi, skeleti su’yeklesedi. Bulshiq et toqimalarinda rawajlaniw ku’sheyedi. Sonliqtan o’spirimlerdin’ fizikaliq ku’shi anag’urlim artadi. Ju’rek-qan tamirlarinda da aytarliqtay sa’ykessislik bayqaladi. Ju’rek tez o’sedi , qan tamirlarinin’ rawajlaniwi biraz artta qaladi. Bunin’ na’tiyjesinde o’spirimlerdin’ qan basimi artadi, basi awiradi. Olar shaqqan ku’ta’ ha’reketshen’, xizmetke qumar, miynet islewge intali, jarisiwg’a biyim, awir ju’kti ko’teriwden qoriqpaydi , qatarlari menen ba’sekilesedi, eregisedi qarsilasadi, o’zinin’ jeke pikirine iye boliwg’a umtiladi, qiziq waqiyali kitaplardi oqiwg’a qumar boladi.

Orta mektep jasindag’i oqiwshilardin’ biliw xizmetindede u’lken o’zgerisler payda boladi. Ishki sekretsiya organlarinin’ islep shig’arg’an gormonlarinin’ qang’a aralasiwi o’mir su’riw uqiplig’in arttiradi, isshen’likti ha’m energiyani ya ko’teredi ya to’menletedi, ruwxin, keypin jaqsilaydi yamasa buzadi. Keypi ashqanda ku’shi azayg’ansha sharshag’anda o’spirimlerde ashiwshan’liq qopalliq, o’jetlik, oqiwg’a ha’m miynetke biyparwaliq kelip shig’wi mu’mkin . Sabaqlarg’a barmawi, joldaslari menen qatnasiqta biya’deplik ko’rsetiwi itimal. O’spirimlerdin’ usi ha’m basqa o’zgeshelikleri ta’lim ta’rbiya jumislarin so’zsiz qiyinlastiradi. Sonin’ ushin olardin’ nerv sistemsina reyim etiwi, o’zlerine miymanliq ko’rsetiwi, oqiwda ja’rdem beriwi menen birge orinsiz eki baxasin ko’rip oqiwg’a intasin s’ndirmew kerek. Sonday aq mudami ayriqsha oqip ju’rgen oqiwshilarg’a da to’men baxani “jeti ma’rte o’lshep bir ma’rte kesip” qoyiw lazim.

VIII-klaslardin’ birinde geografiya sabag’inda tap usinday bar waqiya boladi. Barxama geografiyadan ayriqsha baxa alip ju’rgen A’bdireyimnin’ anasi tosattan awirip qaladi. Ol tu’ni menen anasina qarap geografiyada berilgen tapsirmani soraydi, bilmegen  son’ sebebin soramastan eki baxasin qoyadi. Sol A’bdireyim mektepten tu’nelip, mug’llimge o’kpelep bir ayg’a shekem oqiwg’a barmaydi. Mektep direktori ha’m klass basshisinin’ aralasiwi na’tiyjesinde A’bdireyim zorg’a degende mektepke qaytariladi. Biraq A’bdireyiminin’ mug’alliminen kewlinin’ qalg’ani sonsha a’lle qashan bolg’an bul waqiyani ol ha’zirde anda-sanda eslep qoyadi.

O’spirim jasindag’i oqiwshilardin’ aqil oyinin’ rawajlaniwinda da a’dewir ilgerilew seziledi. Zatlar ha’m qubilislardi baqlag’anda olardin’ basli ayirnashiliqlarin , ma’nisin sebepli na’tiyjeli baylanislarin biliwge umtiladi. Usilardin’ negizinde olarda qabil etiwi, erikli diqqat, avstrakt oylaw rawajlaniwi, logikaliq yad jetilisedi. Mug’allimlerde ko’plep sorawlar beriledi, geyde shatastirg’an sorawlar berip ustazlarin sinaqta ko’redi.

Bul jastag’i oqiwshilardin’ miynetke, ja’miyetlik paydali islerge, ja’miyetlik siyasiy turmisqa, oying’a mina’sebetlerinde de qatar o’zgerisler ushraydi. Olar o’zlerinin’ ku’shlerin miynette, oyinda, turmista sinap ko’riwge umtiladi, kamalat qori t.b ja’miyetlik jumislarg’a jedelli qatnasadi.   Dunyag’a ko’z-qarastin’ ha’m ruwxiyliq a’dep-ikramliqtin’ rawajlaniwinda orta mektep jasi a’himiyetli da’wir bolip tabiladi. Olar milliy ideya, isenim, maqset murat tez pa’t  penen rawajlana baslaydi. Sanali o’zlestirilgen minez quliq qa’delerin o’z erki menen saqlawg’a umtiladi. Biraq onnan endi olardin’ minez-qulqin qadag’alap bariwdin’ na’tiyjesi joq degen tu’sinik shiqpawi da’rka’r. Oqiwshilardin’ ja’miyetke, Qatar qaurbilarina, mug’allimlerge, u’lkenlerge, kishilerge ha’m o’zine mu’na’sebeti birlen emes. Degen menen olar ja’ma’a’tshil keledi, uliwma ma’pke umtiladi, birgeliktegi islerge qizig’adi.Qatar qurbilarinin’ pikirin qa’dirleydi, dos tabiwg’a umtiladi, oqiwshilar ja’miyetinde belgili orindi iyelege ku’sh saladi. Tartisli ma’selelerdi sheshiuwge mug’allimge emes joldaslarina bolisadi, sorawg’a juwap bermey qalg’anda da olarg’a sibirlap aytip otiradi., u’yge tapsirmani orinlay

almag'anda ko'shirip aliwg'a beredi. Leykin joldaslarinin' minez-qulqin baxalawda reyimlilik ko'rsetedi. Sonliqtan olardi o'zine duris ha'm edil baxa beriwge, o'zin-o'zi ta'rbiyalawg'a u'yretiw za'ru'r.

Ko'z-qaras oqiwshi shaxstin' jas o'zgesheliklerine ha'm onin' sol waqittag'i jag'dayina a'dewir sa'ykeskeletug'in ja'ne bunin' na'tiyjesinde maksimum na'tiyje beretug'in ta'rbiyaliq ilajlardi tan'lawdi ha'm a'melge asiriwdi talap etedi. Ta'rbiyashi balalardin' jeke o'zgesheliklerin jaqsi bilgen sayin, ol oqiw-ta'rbiya pratsessin duris sho'lkemlestire aladi. Ko'z-qaras birinshi gezekte shaxstin' ol yamasa bul spatlarinin' qa'liplesiwine ta'sir jasaytug'in jeke, o'zgeshe jag'daylardi biliwdi de esapqa aliwdi na'zerde tutadi.Ol yamasa bul shaxstin' ta'biyatin tu'sine otirip, og'an duris itibar beriw kerek. Ma'selen:Ta'rbiyashi o'spirimnin' o'jetligin qoydiriw ushin, sol o'jetliktin' ta'biyatinin' qanday ekenin biliwi tiyis, sonday aq onin' sebepleri nede ekenligin aniqlawi tiyis.

Ko'z qarasti a'melge asira otirip, xoshametlewdin' oqiwshilarg'a ha'r qiyli ta'sir jasaytug'inlig'in umitpaw kerek. Bir oqiwshini maqtaw paydali , o'ytkeni bul onin' o'z ku'shine isenimin arttiradi. Ekinshi oqiwshig'a kelgende mardayip, o'zine asa isenip ketpewi ushin bunday etpew kerek. Jeke ko'z-qaras jazalaw sharasin ha'm formasin qollaniwda da ko'rinedi. Geybir oqiwshilarg'a a'ytewir jazalawg'a ta'sir etedi, basqalarg'a jazalawdin' usinday formalari ta'sirde jasamaydi. Usinday oqiwshilarg'a kelgende jazalawdin' a'dewir qatan' sharalarin qollaniw kerek. Belgili ekenindey aq u'yrenshiklik minez quliq formalarin jeke adamnin' sipatlarin qa'liplestiriw pratsessi oqiwshinin' nerv sistemsinin' tipine qaray o'zgesheligi menen parq etedi. Ha'r qiyli ta'rbiyaliq ta'sir jasag'anda ta'rbiyalananiwshinin' nerv sistemasinin' tipologiyaliq xarakteristikalarina itibar bermew, ko'binese jaqpas a'qibetlerge, alip ayitqanda oqiwshilardi unamsiz minez-quliq normalarinin' payda boliwina alip keledi.

## I.2. Kishi mektep jasi balalarinin` jas o`zgesheliklerine qaray rawajlaniwi, qa`liplesiwi .

Fizikaliq rawajlaniw o`zgeshelikleri jag`inan 6-7 jastan 10-11 jasqa shekem balalar kishi jastag`i oqiwshilar bolip esaplanadi, bul uliwma bilim beretug`in mekteptin` baslawish klaslarinda oqig`an jillarina sa`ykes keledi. 6 jas ha`zirgi waqitta mektepke shekemgi jastan kishi mektep jasina o`tiw jasi bolip tabiladi.

Bul salistirmali da`rejede tinish ha`m ten` da`rejeli fizikaliq rawajlaniw jasi. Boy ha`m salmaq, bulshiq et ku`shi ha`m miqliliq, o`kpe a`dewir ten` da`rejeli qan menen jaqsi ta`miyinlenedi, sonliqtanda ju`rek jetkilikli da`rejede miqli boladi, bas miyda jetkilikli da`rejede qan aladi, bul onin` jumis islew uqibinin` za`ru`rli sha`rti bolip tabiladi. Qanda da qan da`neshelerinin` sani a`dewir ko`beyedi, olar organizimnin` keselliklerge qarsilig`in ku`sheytediU` 8 jas 10jas aralig`i tuwilg`annan baslap er jetkenge shekemshi da`wirdin` ishinde en` az awiratug`in da`wir bolip esaplanadi.

Miy funktsionalliq jaqtan jetilisedi – miy qabig`inin` analitik – sintezlik funktsiyasi waziypasi rawajlanadi. Kishi jastag`i oqiwshinin` su`yek sistemasi qa`liplesiw basqishinda boladi – segizko`z, ko`kirek kletkasi, buwinlar ele qatayip bola qoymaydi, su`yek sistemasinda kemirshek toqimalar ko`p boladi. Bulardin` barlig`in diqqatqa aliw ha`m oqiwshilardin` duris ju`ris turisi, boyin tiklep ju`riwi haqqinda g`amxorliq etiw za`ru`r. Kishi mektep jasinda barmaqlardin` ha`m buwinlardin` qatayiwi protsesi ele tamamlanbaydi, sonliqtanda qoldin` barmaqlarina ha`m buwinlarinan mayda ha`m aniq qiymillari a`sirese birinshi klass oqiwshilari ushin qiyin ja`ne jaliqtirarli boladi.

Miy funktsionalliq jaqtan jetilisedi – miy qabig`inin` analitik – sintezlik funktsiyasi waziypasi rawajlanadi, ekinshi signal sistemasi aytarliqtay rawajlanadi, biraq usinin` menen birge kishi mektep jasinda birinshi signal sistemasi salistirmali da`rejede basimlig`in ele saqlaydi. Ta`sirleniw ha`m irkilip qaliw protseslerinin` salistirma qatnasi kem-kemnen o`zgeredi U` ta`sirleniw buring`isinsha basim bolsa

da irkilip qaliw protsesi barg`an sayin ku`sheyedi, sonliqtanda kishi jastag`i oqiwshilar joqari da`rejede ta`sirlengish ha`m qizba boladi. Olar ha`reketti ko`p ta`wir ko`redi, oni mu`mkinshiligi bolg`aninsha qanaatlandiriw – ta`nepiste, sabaqlardan keyin seyilge shiqqanda juwiriwg`a ha`m oynawg`a ruxsat etiwi kerek.

En` keyninde minaday juwmaqqa keliwge boladi. Kishi jastag`i oqiwshinin` fizikaliq rawajlaniw da`rejesinde mektepte ha`m u`yde ku`ndelikli sistemali oqiw-tayarlaniw menen shug`illaniwg`a toliq boladi, ja`ne olar balani jaliqtirmaydi, sharshatpaydi, u`lken ku`sh bolip tu`speydi. Mektepke bariwg`a baylanisli psixologiyaliq qayta quriw da`wiri baslanadi. Mektepke bariw balanin` o`mirine en` a`hmiyetli o`zgerisler kirgizedi. Onin` pu`tkil turmisi sotsialliq jag`dayi, kollektivte, semyada jag`dayi keskin o`zgeredi. Birinshi klass oqiwshisinin` tiykarg`i, jetekshi isi oqiw boladi. Oqiw minneti bilim aliw minneti en` a`hmiyetli minneti boladi. Oqiw bul – balanin` belgili da`rejede sho`lkemleskenligin, ta`rtibin, iqrarli ku`sh saliwin talap etetug`in awir miynet. Qa`legenin`di emes, al kerek na`rseni barg`an sayin tez-tez ha`m ko`birek islewge tuwri keledi. Oqiwshi o`zi ushin jan`a kollektivke aralasadi, onda ol jasaydi, oqiydi rawajlanadi. Al kollektiv onin` qizig`iwshiliqlarin esaplasiwdi jeke tilekti uliwma talpiniwlarg`a bag`indiriwdi, o`z-ara talapshan`liqti o`z-ara ja`rdemdi, kollektivlik juwapkershilikti, sho`lkemleskenliktin` ha`m ta`rtiptin` joqari da`rejesin na`zerde tutadi. Moralliq nomalardi ha`m minez-quliq qag`iydalarin o`zlestiriwdi mug`allim de, mektep turmisinin` pu`tkil sho`lkemi de, oqiwshinin` kollektivtegi jumisida talap etedi.

Baslawish mektepte bilimlerdi o`zlestiriw kishi jastag`i oqiwshidan baslawshiliqti, erkin yadlawdi, sho`lkemlesken diqatti rawajlandiriwdin` salistirmali joqari da`rejesin analizlep uliwmalastiriw, oylaw uqibin talap etedi . Oqiwdin` da`slepki ku`nlerinen baslap kishi mektep jasinda rawajlaniwdin` ha`reketke keltiriwshi ku`shi bolg`an tiykarg`i qarama-qarsiliq – oqiw isi, mug`allim, kollektiv balag`a, onin` diqqatina, yadina, oy pikir ju`ritiwine qoyatug`in, mudami artip atirg`an talaplar menen balanin` psixikaliq rawajlaniw

da`rejesi, onin` biliw protseslerin, shaxstin` sipatlarin rawajlandiriw da`rejesi arasinda qarama-qarsiliq payda boladi. Bul talaplar ku`nnen ku`nge artip baradi ha`m qiyinlasip baradi, al psixikaliq rawajlaniwdin` bar da`rejesi talaplar da`rejesine shekem barqulla (ilesip) baradi.

Kishi jastag`i oqiwshinin` oqiw xizmeti olardin` tiykarg`i xizmeti bolip esaplanadi, oqiw protsesinde kishi jastag`i oqiwshinin` bilimleri bilim aliwdin` eki joli rotsianal muwapiq kelgende – ol yamasa bul zatlardi ha`m qubilislardi tikkeley qabil etiw ja`ne awiz eki ta`riplewli o`zlestiriw joli menen qa`liplesedi. Mug`allim t`a`ripleydi ol yamasa sabaqliqta boladi. Oqiwshilardin` bilimi ku`n sayin jetilip baradi. Oqiwshi o`zlestirgen mag`liwmatlar, ug`imlar ha`m tu`sinikler ko`beyedi. Bilimi barg`an sayin ayqinlasadi, teren`lesedi tiyanaqli boladi. Oqiwshilar ha`r qiyli qubilislardin`, sebeplerin ha`m nizamliqlarin kem-kemnen o`zlestirip baradi. Bilimler belgili sistemag`a birlesedi.

Kishi jastag`i balalar bilim aliw menen birge aqil jag`inan rawajlanip baradi. Kishi jastag`i oqiwshilardin` oqiwinda yadlaw og`ada a`hmiyetli rol oynasa da, oqiwshinin` yadlawshilig`ina ku`sh salip oqitiw – u`lken qa`te. Oqiwdin` en` basinan baslap mug`allim oqiwshilardin` alg`an mag`liwmatlardi tu`siniwine, qoyilg`an ma`selelerge juwaplardi o`zi tabiwina erisiwge umtiladi. Kishi jastag`i oqiwg`a jaqsi mu`na`sebeti birden qa`liplespeydi. Jeti jastag`i balalar mektepte oqiw perspektivasin a`dette jaqsi qabil etedi. Balalarda oqiwg`a o`zgeshe talap bar dewgede boladi. Al bul talap xarakteri o`zgeshelikleri menen pariq etedi. Bul anig`in aytqanda oqiwg`a, bilim aliwg`a, uqipli ha`m zeyinli boliwg`a ele talap emes, jan`ani biliwge, a`tiraptag`i haqiyqiy qubilislardi tu`siniwge talap emes, al oqiwshi boliwg`a talap, bul ekewi bir emes.

Oqiwshi boliwg`a talap balanin` jag`dayin o`zgertiwge, bunnan keyingi erkinlik basqishina ko`teriliwge shan`araqtin` estiyar ag`zasi da`rejesin iyelewge inta payda boladi. Bala mektepte oqiwdin` ma`nisin, a`hmiyetin, aldag`i waqitta Watang`a xizmet etiw kerekligin teren` an`lamaydi. Mektepke kelip oqiwdi baslag`annan keyin balalar oqiwdin` qiyin ekenligin, quramali ekenligin tu`sine baslaydi. Buring`i oyin xizmetine qarag`anda oqiwdin` talaplarinin` og`ada ko`p

ekenligine tu`sinedi. Mug`allim oqiwshini jan`a turmis rejimine a`lpayim, jigerli u`yretiwi, og`an oqiw bayram emes, oyin emes, al a`hmiyetli, qiyin biraq og`ada qiziqli turmis o`ytkeni ol ko`p na`rseni jan`aliqti, qiziqli kerekli na`rselerdi biliwge mu`kinshilik beredi degen tu`sinikti uqtiriwi tiyis. Oqiw baslang`annan keyin ko`p keshikpey-aq olar jaqsi bahalar aliwg`a iqlaslanadi. Balalar ata-analardin` mug`allimlerdin` xoshametlewleri menen elede jigerlenedi, jedellesedi. Joqari bahanin` jaqsi na`rse ekenligin bilsede onin` aniq a`hmiyetin tu`siniwde ja`tiriybesizlik etedi. Mug`allim bilimlerge qoyilatug`in bahalardin` a`hmiyetin duris tu`sindirip bariwlari tiyis solay etip joqari bahag`a oqiw balalardin` oqiwlarinin` sapasin jaqsilaydi, ta`rtip-intizamnin` ku`sheyiwine sebepshi boladi. Kishi jastag`i oqiwshilardin` oqiwg`a qizig`iwshilig`inin` sebebi ne ekenligi sorag`anda olardin` ko`pshiliginin` U` «Sabaqta qol ko`teriwi qiziqli», «Bes aliw ushin» t.b juwaplardi aliw mu`mkin. Oqiwdin` mazmunina bilim aliwina, qizig`iwshiliqti payda etiw ko`pshilik jag`dayda balalardin` o`zlerine de baylanisli boladi. Bul waziypalardi a`melge asiriwda ata-analar ha`m mektep mug`allimlerinin` tig`iz baylanisinin`, birge islewinin` a`hmiyeti og`ada ulli. Balalardin` jaqsi bahalarg`a oqiwi, bilimdi teren` o`zlestiriwi, ta`rtipli boliwi a`lbette mug`allimnin` abiroyin ko`teriwi so`zsiz.

Bilim aliw barisinda rawajlaniw o`zgeshelikleri bir qansha o`zgesheliklerge iye. Baslawish klass oqiwshilarinda bilimnin` teren` o`zlestiriliwi olardin` qabillawlarinin` qanday da`rejede ekenligine baylanisli. Bul da`wirdegi balalar a`tirapindag`i na`rselerdi ha`diyselerdi qizig`iwshiliq penen qabillaydi. 1-2-klaslarda qabillawlar ko`pshilik jag`dayda u`stirtin a`melge asiradi, ayrim jag`daylarda o`zlestirgen materiallardi shatastirip aliw jag`daylarda ushirasadi. MisaliU` «Z» ha`m «S» ha`riplerinin` birinin` ekinshisinin` o`zgesheliginin`, seslerdin` aytiliwinin` aljastiriw jag`daylari ushrasiwi mu`mkin. Qabillawdin` rawajlaniwi, jetilisiwi balalardin` **este saqlaw** mu`mkinshiliklerin jetilistiredi. Bul da`wirdegi balalarda este saqlawlar zatlardin` ma`nisine tu`sinip emes mexanikaliq yadlawlar ko`birek ushrasadi, buni duris tu`singen baslawish klass oqitiwshilari balalardin` este saqlawlarin eled rawajlandiriw maqsetinde qosiq tekstlerin,

ko`beytiw kestelerin yadlatadi. Yadlang`an, este qalg`an materiallar balalardin` esinde uzaq waqit saqlanadi.

**Oylaw.** Bul da`wirdegi balalarda oylaw olardin` qabillaw, este saqlaw mu`mkinshiliklerine tiykarlang`an halda qa`liplesedi ha`m rawajlanadi. Bul da`wirde balalardin` oylaw qa`biletleri birqansha ka`mbag`al boladi, zatlar haqqinda logikaliq oylawlar ele jetilispegen boladi. Balalardin` biliminin` artiwi olardin` oylawlarin elede jetilistiredi, oylawdin` tezligi, oylawdin` ken`ligi, oylawdin` iykemligi, oylawdin` teren`ligi tag`i basqada oylaw qa`siyetleri rawajlanip baradi. Oylawdin` bul qa`siyetlerinin` jetilisiwi balalardin` oy-pikir ju`ritiwine tilinin` rawajlaniwina jaqsi mu`mkinshilikler beredi. Kishi jastag`i, a`sirese birinshi klass oqiwshisinin` oy-pikir ju`ritiwi ko`rgizbeli obrazli boladi. Ol qabillawg`a yamasa tu`sinikke ba`rqulla negizlenedi. Balag`a ta`rbiya mektepke barmastan burin beriletug`inlig`i ha`mmege ma`lim, mektepke keliw menen olardin` ta`r`iya aliw mu`mkinshilikleri ken`eyedi. Mektepte bala sabaq barisinda sabaqtag`i oqiw materiyallari arqali bilim aliw menen birge ta`rbiyada aladi. Sabaqtan tis waqitlari ha`r qiyli ta`rbiyaliq jumislar (ushirasiwlar, qiziqli kesheler, bayramlar, jarislar, ko`rgizbeler, seyiller, sayaxatlar, sa`wbetlesiwler t.b) alip bariladi, na`tiyjede balalardin` moralliq jaqtan jetilisiwi rawajlaniwi a`melge asiriladi. A`lbette joqridag`i ati atalg`an ta`rbiyaliq jumislar baslawish klaslarda birqansha a`piwayi formalarda o`tkeriledi, sebebi bul da`wirdegi balalardin` jas o`zgeshelikleri oni talap etedi.

Baladag`i moralliq sipatlardin` jetilisiwi, rawajlaniwi olardag`i dosliq ha`m joldasliq tu`siniklerin payda etedi. Baslawish klass mug`allimi oqiwshilar ja`ma`a`tin sho`lkemlestiriwde dosliqtin`, joldasliqtin`, birge islesiwdin`, bir-birewge ja`rdem beriwdin` a`hmiyetin, kerekligin ha`r ta`repleme tu`sindiredi. Dosliq, joldasliq boyinsha ta`rbiyaliq metriallar oqiw sabaqlari materiallarinda da ko`p ushirasadi, bul materillar balalardag`i dosliq sezimlerin elede jetilistiriwge xizmet etedi.

**Oyin .** Kishi mektep jasi a`sirese 1-klass oqiwshilari ele oyin xizmetlerinen oqiw xizmetlerine toliq o`tip bolmag`an, oying`a ele

qizig`iwshiliqlari ku`shli da`wir bolip esaplanadi, sonliqtan mug`allimler, ta`rbiyashilar ta`lim-ta`rbiyaliq jumislarda oyin formasinda alip bariwg`a ha`reket etedi.

**Qizig`iwshilig`i, uqiplilig`i.** Balalar barliq oqiw pa`nlerine qiziqqish keledi, oqitiwshilar balalardin` qizig`iwshilig`in elede arttiriwda bir qatar jumislar isleydi (ko`rgizbe qurallar, kartinalar, foto su`wretler, slaydlar, diofilimler tag`i basqada materiallar tayarlaydi). Qizig`iwshilig`i tiykarinda ha`reket etiw arqali balalarda uqipliliqlar payda boladi, o`z-uqiplilig`i tiykarinda oqiw miyneti menen shug`illaniwi na`tiyjesinde olarda talantlar payda boladi, bul talantli oqiwshilar a`lbette erten`gi ku`ni ma`mleketimizdin` O`zbekistan Respub`likasinin` baxti ushin xizmet etetug`in azamatlar bolip jetilisiwi so`zsiz.

Baslawish klass oqiwshilari oqiw sabag`inda ha`r tu`rli janrdag`i a`debiy shig`armalar menen gu`rrin`, qosiq, ertek, timsal, naqil-maqallar, jumbaqlar, an`izlar, ilimiy ja`miyetlik maqala ha`m ocherkler menen tanisadi. Olar a`debiy shig`armalardi su`yip oqiydi, qizig`ip, qumarta otirip tin`laydi. Sebebi a`debiy shig`armalarda o`mir ko`rinisleri, ha`r tu`rli waqiya, qubilislar aniq tu`rinde adamdi ta`sirlendiredi. Bul oqiwshilarda o`mir qubilislarin duris tanip, du`n`ya taniwshilig`in rawajlandiriw menen birge, olardin` a`dep-ikramliq tu`siniklerinin` qa`liplesiwine, o`z ana tilinin` bay g`a`ziynesine teren` eniwine ja`rdem beredi. A`debiy shig`armalardag`i su`wretlengen qaharmanlardin` ha`r tu`rli ha`reketleri oqiwshilarda janli qizig`iwshiliq payda etip, olardin` diqqatin o`zine tartadi. Oqiwshilardi unamli a`debiy qaharmannin` o`mirdegi tabislari, onin` pida`kerlik ha`reketleri su`ysindirip, a`dep-ikramli qiliqlari olarg`a u`lgili o`rnek sipatinda ta`sir etse, qaharmannin` qayg`isi, isinin` kelispewshiligi oqiwshilarda kewil gu`yzelisin payda etedi. Al unamsiz qaharmanlardin` a`dep-ikramsiz ha`reketleri oqiwshilarda biya`deplilikti jek ko`riwshilik, ol ha`reketlerdi ayiplap, olardan jiyirkeniwshilik, beziniwshilik sezimin rawajlandiradi. Bunday ha`reketlerdin` o`zinin` o`mirinde orin almawi ushin umtiliwshilig`ina ta`sir etedi.

Baslawish klass oqiwshilarin a`dep-ikramliqqa ta`rbiyalaw erteklerdi oqiw payitinda a`melge asiriladi. A`yyemgi waqitlardan baslap aq xaliq adamlardag`i

a`dep-ikramliq ha`reketlerdi ku`ta` joqari bahalap, olardi ta`rbiya isinde ken`nen paydalanip, fol`klorliq shig`armalardin` syujeti etip alip otirg`an. Xaliq erteklerde, an`izlarda, da`stanlarda jaqsiliq penen jamanliq, a`dillik penen a`dilsizlikti, a`dep-ikramliliq penen biya`deplilikti, batirliq penen qorqaqliqti, aqililiq penen aqmaqliqti qatara su`wretlew arqali adamlardag`i a`dep-ikramliq sezimlerin ta`rbiyalaydi, jaqsiliqqa su`ysinip, jamanliqtan jerkeniwshilikti qa`liplestiredi.

Baslawish klass oqiwshilarinin` o`mirinde fol`klorliq shig`armalar, a`sirese, ertek u`lken a`hmiyetke iye. Oqiwshi erteklerdi, ondag`i qaharmanlardin` ziyrekligi, shaqqanlig`i, sipatlardin` aniqlig`i ha`m durislig`i, syujettin` a`piwayililig`i, tilinin` ko`rkemliligi ha`m baylig`i ushin jaqsi ko`redi. Ertek oqiwshilardi o`z personajlarinin` qaharmanliq ha`reketleri menen qiziqtirdi, a`dillik penen jaqsiliqtin`, jawizliq penen a`dalatsizliqti jen`iwin sa`wlelendiriwi menen tolqitadi, unamli, su`yikli qaharmanlarinin` quwanishi menen qayg`isina ortaqlasiw sezimin qa`liplestiriw menen, oqiwshilardin` du`n`ya taniwshilig`in ken`eytiwshi ha`r rawajlandiriwshi mu`mkinshilikleri menen o`zine tartadi.

Erteklerdin` a`dep-ikramliqqa umtiliwshiliqti sa`wlelendiriwi olardin` qaharmanlarinin` jamanliq penen jawizliqti, sumliqti rawajlandiriwshi dushpanlar menen gu`resi, adamlardin` qarim-qatnasin suliwliq tiykarinda quriw tilegi, xaliqlardin` baxitli o`miri, a`rmani haqqinda ga`p etiwa`dep-ikramli ha`reketlerinin` go`zzallig`in ashiw mu`mkinshiligin payda etedi. Oqiwshilardin` a`dep-ikramliqhaqqinda tu`sinigin aniqlaydi ha`m oni rawajlandiradi.

Oqiwshilarg`a qaharmanlardin` sezimin ha`m bastan keshiriwlerin ashiwda, qaharmanlardin` a`dep-ikramli ha`reketlerin sa`wlelendiriw ha`m olardi tuwri qabillaw uqiplilig`in qa`liplestiriw u`stinde is apariwda xaliq ertekleri ku`ta` taptirmaytug`inqural. Sebebi olarda qaharmanlardin` psixologiyaliqminezlemesinin` qospalilig`i joq, qaharmanlar o`zinin` psixologiyasinin` a`piwayililig`i, ha`reketlerinin` aniqlig`i menen ku`ta` tu`sinikli. Baslawish klasslarda oqiwshilar xaliq erteklerinin` u`sh tu`ri menen (haywanatlar haqqinda ertekler, turmis ertekleri, qiyaliy ertekler) tanisadi. Haywanlar haqqindag`i erteklerge («Tu`lki menen eshki», «Eshki, qoy ha`m o`giz» ha`m t.b.)

ha`m turmis ertekleri(«Aqilli g`arri», «Ko`k gilem» ha`m t.b.) sabaqta realistlik turmis gu`rrin`ine usip o`tiledi. Sabaq waqtindahaywanatlardin` minez-qulqi, ha`reketi (tu`lkinin` jalataylig`i, eki ju`zliligi tek o`z paydasin oylaytug`inlig`i, eshkinin` aq kewilliligi, isengishligi, jolbaristin` jirtqishlig`i), sonday-aq sotsial qatnasiqlar da ( baydin` zulimlig`i, zorlig`i, jarlilardi qorlawi) talqilanadi, olarg`a minezleme beriledi ha`m bir-birine bolg`an qarim-qatnasig`i so`z etiledi, qaharmanlardin` a`dep-ikramliliq sapalari aniqlanadi. Usilardin` tiykarinda oqiwshilar, personajlardin` ha`reketleri ha`m sezimleri haqqindag`i belgili bir da`rejede juwmaq payda etedi.

Qiyaliy erteklerde ( «Baliqshi menen baliq haqqinda ertek» ha`m t.b.) qiyaliy oy-pikirlerdin` bar ekenligi aniq. Sonin` ushin sabaqta oqimastan burin oqiwshilar menen taqiripqa baylanisli gu`rrin`lesiw talap etiledi. Gu`rrin`lesiw payitinda do`geregimizdi qorshag`an du`n`ya tuwrali xaliq tu`sinigi aniqlanadi. Bunday tayarlaq gu`rrin`i oqiwshilarg`a ertektin` a`debiy obrazlarin, olardin` o`z0ara qarim-qatnasig`in a`dep-ikramliliq sapalarin (jaqsiliq,ayawshiliq ashko`zlik, ta`kabbirliq ha`m t.b.) minez-qulqin duris tu`sinip qabillawina ja`rdem beredi.

Sabaqta erteklerdi o`tiwde mug`allim minalardi yadinda saqlawi kerek.

1. Erteklerde aytilg`anlardin` turmista «tap sonday tu`rde» bolmaytug`inlig`in (haywanlardin` so`ylemeytug`inlig`in ha`m t.b.) ko`rsetip, oqiwshilardin` ertek mazmunina qizig`iwshilig`in pa`sen`letiwdin` keregi joq.

2. Ertek qaharmanlarin a`piwayi minezleme du`ziwge ha`m a`debiy qaharmannin` ha`reketin bahalawg`a,a`dep-ikramliq sapalardi an`lawg`a u`yretiwde orinli paydalaniw kerek.

3. Ertekti tekst boyinsha oqimay-aq mu`mikn bolg`aninsha, onin` mazmunin qaharmannin` a`dep-ikramliliq sapalari, sezimleri sa`wlelenetug`inday qiziqli etip aytip beriwge umtiliw kerek. Oqiwshilar jas waqitinan baslap-aq ertekler menen tanisa baslaydi. Kino, televidenie arqali ko`rgen, ata-analarinan, jora-joldaslarinan esitken ertekleri balalardin` sezimlerine ku`shli ta`sir etedi. Ertek mazmuninin` qiziqlig`i oqiwshilardi o`zine tartip, olardin` qiyalin rawajlandiradi, du`n`ya taniwin ha`m a`dep-ikramliliq tu`sinigin ken`eytedi. Oqiwshilardin` haqiyqatliqqa

bolg`an qatnasin qa`liplestiriwde de ku`shli ja`rdem beredi. Sonliqtan da baslawish klass oqiwshilarina arnalg`an «Oqiw kitabi» sabaqlig`inda a`dewir ertekler berilgen. Erteklerdin` tili jen`il, tu`sinikli, waqiyalari qiziqli ha`m ko`plegen qaharmanlari oqiwshilarg`a tanis. Bul baslawish klass oqiwshilarin erteklerdi qizig`ip oqip, mazmunin tez tu`sinip qabillap aliw ushin qolayli imkaniyatlar jaratadi.

Mug`allim erteklerdi o`tiw payitinda oqiwshilardin` ertek syujetin duris qabillawina erisiwi tiyis. Bul, birinshiden, mug`allimnin` oqiwshilarda shig`arma mazmunin qabillawg`a belgili kewil qoyiwdi payda ete biliwine, ekinshiden, shig`armanin` ta`sirli oqiliwina, u`shinshiden qaharmannin` a`dep-ikramliq sapalarinin` ruwhiy jag`daylarinin` emotsiyaliq sezimlerinin` oqiwshilardin` ju`rek tolqiwin payda eterliktey da`rejede ashiliwina, to`rtinshiden, olardin` shig`armanin` su`wretlew usilin ha`m til sheberligin tu`siniwine baylanisli.

Mug`allim sabaqta ertekti o`tpesten burin o`zinin` kirisiw so`zinde oqiwshilardin` qanday erteklerdi biletug`inlig`in aniqlap alip, oqiwshilarg`a olarda ne haqqinda aytilatug`inlig`in yadina tu`sirtedi. Bunnan keyin mug`allim taza taqiripti atap, ol taqiripta oqiwshilardin` ne menen tanisatug`inlig`in, nelerdi biletug`inlig`in aytadi. Bul oqiwshilarda taqiripqa qizig`iwshiliqti payda etip shig`arma mazmunin qabillawg`a bolg`an diqqatin ja`mleydi. Taqiripti o`tiw payitinda oqiwshilardin` diqqatin ertek qaharmanlarinin` a`dep-ikramliq sapalarina awdariw, olardin` tu`sinigin ken`eytiw waziypasi a`melge asadi.

Misalg`a 2-klassta «Tu`lki menen eshki» ertegin o`tiw waqtindag`i is usilin alayiq. Mug`allim ertektin` tekstin oqimastanburin oqiwshilar menen gu`rrin`lesedi. Onda oqiwshilarg`a ertek tuwrali qisqasha tu`sinik beriw menen birge olardin` qanday ertek biletug`inlig`in, ol erteklerde neler haqqinda aytilatug`inlig`in aniqlaydi. Ertek qatnasiwshilari bolg`an eshki ha`m tu`lkinin` su`wretin taxtag`a ildirip, olardin` sirtqi qurilisi, ko`rinisi, adamg`a tiygzetug`in paydasi, ne menen awqatlanatug`in haqqinda oqiwshilardin` tu`sinigin biliw ushin gu`rrin` o`tkeredi. Oqiwshilardi taza taqiripqa psixologiyaliq jaqtan tayarlaydi.

Mug`allim taxa taqiripti ertek tekstin oqiwdan baslaydi. A`debiy shig`armani oqiw mashqalasi u`lken a`hmiyetli mashqalalardin` biri. O`zi tekstti ta`sirli oqiy almaytug`in mug`allim oqiwshilardi o`zine tartip, olardin` estetikaliq sezimin oyatip, oyin shig`arma mazmunina qaratip, a`debiy qaharmanlardin` a`dep-ikramliliq sipatlarin estetikaliq tiykarinda qabillaytug`ininday etip asha almaydi. Bul oqiwshilardin` shig`arma mazmunin jen`il ha`m toliq qabillawina erisiwin qiyinlatadi. Bunday jag`dayda mug`allim oqiwshilarg`a a`debiy shig`arma arqili a`dep-ikramliq ta`rbiyasin beriw waziypasin oydag`iday sheshe almaydi.

Mug`allim o`zinin` ta`sirli oqiwi arqali shig`armani qalay oqiw kerekligin ko`rsetedi. Mazmunina baylanisli shig`armanin` qaysi bo`legin qatti, qaysi bo`legin jumsaq, qaysi bo`legin jay dawis tolqini menen oqiw kerekligin, shig`arma qaharmanlarin ha`reke tu`rine qaray dawis tolqini arqali sipatlawdi oqiwshilarg`a u`yretedi, oqiwshilardin` shig`arma mazmunin tu`sinip, ha`reketlerdi estetikaliq qabillawina erisedi.Biraqta shig`arma qaharmanlarinin` a`dep-ikramliq sapalarin estetikaliq qabillaw da`rejesi, teren`ligi oqiwshilardin` jas ayirmashilig`inna baylanisli boladi.

«Tu`lki menen eshki» ertegi balalarg`a tu`sinikli, a`piwayi, jen`il tilde jazilg`an. Ertekte oqiwshilarg`a ma`nisi tu`siniksiz qiyin so`zler joq. Ertek mazmuni oqiwshilardi o`zine tartarliqtay qiziqli, izbe-izlik penen berilgen. Sonliqtan oqiwshilar ertekti qizig`ip tin`laydi ha`m oqiydi. Mug`allim shig`arma tekstin ta`sirli oqiw arqali oqiwshilardin` diqqatin ertektegi tiykarg`i oyg` a awdaradi.Bug`an mug`allimnin` ha`r bir ga`ptegi kewil bo`liniwi kerek bolg`an so`zdi dawis tolqinin ko`terip oqiwi sebepshi boladi. Ol ertektin` birinshi su`resin oqig`an waqtinda ertektegi tu`lki, qudiqqa, suw, onnan shig`iwi, bir eshki, ko`rdi, so`zlerine logikaliq pa`t jasap, so`zlerdi dawis tolqini menen basqa so`zlerden bu`lin`kirep ko`terin`ki oqiydi. So`ytip, oqiwshig`a ha` r bir ga`ptegi a`hmiyetli so`zge kewil awdarip oqiw u`lgisin ko`rsetedi.

Mug`allimnin` ha`r tu`rli dawis tolqini menen ertektegi ha`reket etiwshilerdi sipatlawi - oqiwshilardin` ko`z aldina eshki ha`m tu`lki ha`reketinin` jag`dayg`a qaray o`zgermeliligin elesletiw menen birge olardin` ha`reketinin` a`dep-

ikramlilig`i, olardin` psixologiyasi tuwrali da`slepki tu`sinik aliwina da ja`rdem etedi.

Mug`allim ertektegi «Ne qilip tursan`» degen qatardi ko`terin`ki dawis tolqini menen tez oqiydi. Bul eshkinin` tu`lki awhalina tan`lang`anlig`in oqiwshilarg`a jetkiziu`ge ja`rdem etedi. Oqiwshilar eshkinin` dawisinda qudiqqa  tu`sken tu`lki awhalina tan`laniw menen bir qatarda onda mu`shkillikke duwshaker bolg`ani ushin onin` ayawshilig`i da bar ekenligin sezinedi. Al mug`allimnin` «Ku`n ku`ta` issi, bul jerge tu`sip, suw iship, dem alip otirippan» degen qatarlardi jay, minayim dawis tolqini menen sozin`qirap oqiwi hawanin` issilig`inan biyzar bolip, salqinda otirg`anina ra`ha`tlenip, ha`zlikte mawjirap, so`ylewge de erinip turg`an tu`lkinin` kelbetin oqiwshilardin` ko`z aldina keltirgendey bolsa, «Senin` saqalin` quraqim aqilin` bolsa edi, sen qudiqqa tu`spesten burin shig`a-jaqin`di da oylag`an bolar edin`» - degen qatardi jay, biraq niq dawis tolqini menen tezletilgen pa`t penen oqiwi tu`lki so`zinde mazaqlaw, bo`tenlerdi mensinbew, eshkinin` usinday awhalg`a tu`skenine ku`liw bar ekenin sezdiriwge mu`mkinshilik beredi. Tu`lkinin` so`zin mug`allimnin` ha`r tu`rli dawisqa salip oqiwi oqiwshilarg`a tu`lkinin` jag`dayg`a beyimleskishliginen, onin` minez-qulqinin` turaqsizlig`inan, jalatayshilig`ina, a`dep-ikramsizliq ha`reketinen tu`sinik beredi. Onin` tek qarabasinin` paydasin g`ana oylaytug`inlig`in uqtiradi.

Mug`allim tekstti oqiwi arqali oqiwshilardin` irkilis belgilerinde toqtap, dawis tolqini menen soraw, u`ndew ga`plerinin` ma`nisin bere biliwdi, dawis tolqini arqali ertek qatnasiwshilarin sipatlawdi u`yretedi. Oqiwshilardin` ertek mazmunin teren` qabillawin mug`allimnin` ertektegi rol`ge bo`lip oqiwg`a u`yretiwi bekkemley tu`sinedi. Mug`allim ertek tekstin u`sh rol`ge bo`lip(avtor, eshki, tu`lki) oqitadi. Avtor so`zin mug`allim o`zi oqiwi mu`mkin. Ol ga`ptegi a`hmiyetli so`zlerge logikaliq ha`m psixologiyaliq pa`t qoyip,oqiwg`a u`yretedi. Ga`ptegi a`hmiytli so`ldi qanday dawis tolqini, qanday tezlik penen oqiw kerekligin ko`rsetedi. Eshki menen tu`lki so`zlerin oqiwshilar mug`allimnin` oqiw u`lgisine salip oqiydi. Bul olardin` eshkinin` an`qaw ekenligin, tu`lkinin` hiyleker, o`tirikshi ekenligin seziniwine sebepshi boladi.

Oqiwshilardin` ertek mazmunin toliq tu`sinip, qaharmanlardin` a`dep-ikramliliq sapalarin qabillawina mug`allimnin` ertek mazmuni haqqinda olardin` tu`sinigin teren`ete tu`siwdi maqset etken qosimsha sorawlari ja`rdem beredi. Bul bir jag`inan oqiwshilardin` tekst mazmunin qabillawin bekkemley tu`sse, ekinshi jag`inan olardin` ayirim zat, ha`reket tuwrali ko`z-qarasin aniqlaydi.

Oqiwshilar ertek arqali tu`lkinin` qudiqqa bilmesten tu`sip ketkenligin bilse, mug`allimnin` «Balalar, bilmesten qudiqqa qa`ytip kiyatirg`an adam tu`sip ketedi»-degen sorawi oqiwshilardin` ko`z aldina tu`lki ha`reketinin` sipatin sa`wlelendiriwge sebepshi boladi. Mug`allim oqiwshilardin` tu`lkinin` basina tu`sken qa`wipti seziw ushin «Qudiq qanday boladi» -degen soraw qoyadi.Olardin` «qudiq tar» «qudiq ensiz», «qudiq teren`», «qudiq tik» boladi -dep qaytarg`an juwaplari tu`lkige do`ngen baxitsizliqtin` da`rejesin aniqlaw menen birge, tu`lkinin` qudiqtan shig`a almaw sebebin(«qudiq tik ha`m tar bolg`anliqtan tu`lki sekirip sirtqa shig`ip kete almaydi») tu`siniwge alip keledi.

Tu`lkinin` baxitsizliqtan qutiliw sebebin oqiwshilardin` qanday da`rejede qabillap tu`singenligin mug`allim «Tu`lki qudiqtan qalay shiqtiW»-degen sorawi arqali aniqlaydi. Oqiwshilardin` sorawg`a qaytarg`an juwaplari tu`lkinin` «qudiq tutqininan qutiliw» sebebin tu`singenin ko`rsetse, mug`allimnin` «Tu`lki eshkini nege aldadi», «Qanday adam isengish boladi» degen sorawlardi qoyiwi oqiwshilardi ertek qaharmanlarinin` ha`reketlerinin` a`dep-ikramliliq sapalarin seziniwge alip keledi. Oqiwshilar tu`lkinin` o`zi qudiqtan shig`iwi ushin eshkige islegen jamanlig`ina tu`sinedi ha`m mug`allimnin` tu`lkinin` eshkige aytqan ga`pinin` («senin` saqalin` quraqim aqilin` bolsa edi, sen qudiqqa tu`spesten burin shig`a jag`in`di da oylag`an bolar edin`») ma`nisin ashiwi arqali bunday qa`siyet tek o`z paydasin g`ana oylawshi, usi ushin bo`tenlerdi qurban etiwge tayar a`dep-ikramsiz adamlarg`a g`ana ta`n qa`siyet, degen tu`sinik qa`liplestiredi. Bul oqiwshilarda ha`rekettin` a`dep-ikramliliq sapalarin tuwri tanip. oni ajiratip bahalay biliwshiligin rawajlandiriwg`a ja`rdem etedi.

Mug`allim ertekler menen islesiw payitinda en` da`slep ertektin` oqiwshilar ta`repinen tikkeley sezinip qabillawina erisiwi tiyis. Oqiwshida o`z qiyali arqali

erteklik ha`reketke aralasiw payda etip, waqiya ha`m ertek obrazin ko`z aldina keltiriwge erisiw, sol ha`reket ha`m waqiyalarg`a pikir aytiw uqiplilig`in, o`z sezimin ko`rsetiwin payda etiwi kerek. Sonda g`ana oqiwshi ertek mazmunin teren` qabillay aladi, ondag`i su`wretlengen waqiyag`a sezim ko`terin`kiligi menen aralasadi, ha`reketlerdin` a`dep-ikramliliq sapalarin tuwri aship, o`z tu`sinigin ken`eytedi. Misalg`a, No`kis qalaliq Xaliq bilimlendiriw bo`limine qarasli 19 mekteptin` 2-klass mug`allimi Madreymova Gu`lbahardin` ta`jiriybesin alayiq.

Mug`allim sabaq barisinda oqiwshilardin` ertek mazmunin qabillawin a`melge asiriw menen birge olardin` a`dep-ikramliliq tu`sinigin ken`eytiwdi tiykarg`i waziypa etip qoydi. Bul waziypani oqiwshilardin` diqqatin erteklerdin` bas qaharmanlarinin` (qoy, eshki ha`m o`giz) en` jaqsi a`dep-ikramliliq sipatlari-awizbirshilik, iskerligi ja`ma`a`tlik pida`kerlik ha`reketi, ju`rekliligi, tapqirlig`i - o`zlerinin` paraxatshiliq o`mirin sirtqi dushpani ha`reketinen qorg`awg`a qaratilg`anina awdariw arqali iske asiriwdi makset etti. Al bul oqiwshilardan qaharman ha`reketinin` a`dep-ikramlilig`i haqqindag`i tu`siniklerin ken`eytiwge ja`rdem beretug`in ha`m olardi ashatug`in qatarlardi ertek tekstinen tawip, sanali qabillay biliwin talap etedi. Mug`allim,taza taqiripti , ertekti ta`sirli oqip beriwden basladi. Shig`armani ta`sirli oqiw oqiwshilardin` ertek mazmunin jen`il ha`m toliq qabil etiwine mu`mkinshilik berse, ekinshiden, oni qalay oqiw kerekligin oqiwshilarg`a ko`rsetedi. U`shinshiden, mazmunina baylanisli ga`ptegi a`hmiyetli orayliq so`zdi tabiw, ol su`zdi qanday logikaliq pa`t penen oqiw kerekligin, shig`arma qaharmanlarinin` ha`reketlerin dawis tolqini arqvli sipatlawdi oqiwshilarg`a u`yretedi.

Xaliq ertekleri o`zinin` qurilisi boyinsha awizsha aytip beriwge ku`ta` qolayli.Ertekshi ertekti aytqan waqitta o`zi sol waqiyanin` gu`wasi bolg`anday etip aytadi. Sonliqtan da ertek mazmuninin tin`lawshilarg`a bunday etip jetkiziw-onin` mazmunin tekst boyinsha oqip beriwden ta`sirli ha`m na`tiyjeli. Biraqta bul ertekshiden so`z sheberligin, aytip beriw o`nerin talap etedi.

## II-BAP. Orta ha`m joqari mektep jasi balalarinin` jas o`zgesheliklerine qaray rawajlaniwi ha`m qa`liplesiwi.

## II.1. Orta mektep jasi oqiwshilari ta`lim-ta`rbiyasinin` o`zine ta`n o`zgeshelikleri.

O`spirim jasındag`ı oqıwshılardın` o`zgeshelikli belgilerinen biri – bul o`spirimde, o`z turmısına, o`zinin` jeke sıpatlarına qızıg`ıwının`, o`zin basqa adamlar menen salıstırıwg`a bolg`an talapları payda boladı. Ayırım jag`daylarda mug`allimnin`, ata-analarının` o`zi haqqında pikir ko`z-qarasları o`spirimnin` o`zin-o`zi tu`siniwinin` tiykarı bolıp tabıladı. Kishi jastag`ı o`spirimler o`zine do`geregindegilerdin` ko`z-qarasınan qaraydı.

O`spirimlik jastag`ı o`zgeshelikler olardı esapqa alıp ta`rbiyalaw jo`ninde pedagog ilimpazlar to`mendegilerdi atap ko`rsetedi: «O`spirimlerdin` iskerliginde oqıw ayrıqsha orın tutadı. Ayırım pa`nlerdi o`zlestiriwde u`lgermewshilik, sabaqqa nemquraydılıq jag`dayları ko`zge taslanadı. Geyde o`z betinshe tapsırmalardı orınlawda belsendilik penen ko`zge tu`sedi. O`spirimnin` ta`rtip-intizamında unamsız jag`daylar ko`rine baslaydı. Bul jag`day onın` o`z betinshe, erkin bolıwına umtılıwının` tiykarında ju`zege keledi. Eger oqıtıwshı oqıwshı o`zgesheliklerin jaqsı bilmese, qoyılg`an talaplarda birlik, jaqınlıq bolmasa ha`m de olar tiykarlanıp berilmese, o`spirimnin` minez-qulqında u`lkenlerge boysınbawshılıq sıyaqlı o`zgerisler payda boladı. O`spirim oqıwshılardın` itibarın oqıwdın` tısqarı jumısları da o`zine tartadı. O`spirimler de belgili bag`darg`a iye ha`reketli islerde o`zinin` jeke sıpatların ko`rsete alıw imkanına iye boladı».

«O`spirim oqıwshılardı ja`miyetlik jumıslarg`a qatnastırıw olarda belsendilik, baslamashılıq sıyaqlı pa`zıyletlerdin` qa`liplesiwine de tiykar boladı. Sebebi o`spirim ushın onın` o`z ten`les doslarının` pikiri oqıtıwshılarının` da, ata-analarının` da pikirlerinen go`re ko`birek ta`sir etedi. Sonın` ushın o`spirim klaslas dosları arasında abıroy arttırıwg`a, o`z ornın, qa`dirin bildiriwge tırısadı. Geyde oqıwshı o`zin oqıwda yamasa ja`miyetlik jumıslarda ko`rsete almasa, og`ada to`men oqıytug`ın oqıwshıg`a da oylanıp qalıwı mu`mkin. Al o`z gezeginde

oqıtıwshı yamasa klass basshısı oqıwshısın hesh waqıtta dıqqat-itibarınan shette qaldırmawı kerek yamasa waqtın biykarg`a o`tkeriwine jol qoymawı kerek»[1].

Oqıtıwshı o`spirimnin` jas o`zgesheligin esapqa alıp ha`r qıylı ja`miyetlik jumıslarg`a qatnastırıw, o`spirim ushın o`z ku`shi ha`m imkaniyatların ko`rsete alıwına durıs sharayat jaratıwı kerek. Demek, sonday jag`dayda g`ana o`spirim ja`ma`a`t ushın o`zinin` kerek ekenligin an`lap jetedi. O`spirimlerde o`z sezimlerin basqarıw a`ste aqırın qa`liplesip baradı. Bul onın` minez-qulqında belgili boladı. A`sirese 13-14 jaslı o`spirimlerde miynet juwapkershilikli sezimleri o`sedi, olardın` minez-qulqında saldamalılıq, awır minezlilik te payda boladı. Bul da`wirlerde o`spirimde maqsetke umtılıwshılıq o`zi ushın ideal tan`law sıyaqlı xarakterler ju`zege keledi. O`spirimlerde a`dep-ikramlılıq mu`na`sebet, basqalardın` isine baha beriw sıyaqlı o`zgerisler payda boladı. Al ata-ana ha`m oqıtıwshılar o`z is-ta`jiriybesinde o`spirimlerdin` jas o`zgesheliklerine sa`ykes tu`rde olardın` a`dep-ikramlılıg`ına, intizamına itibar qaratıwı kerek.

**O`spirim jasındag`ı balalardı ka`sipke bag`darlaw.** O`spirim jasında oqıwshılarda, a`sirese joqarı klass oqıwshılarında kim bolsam eken, degen sorawlar do`gereginde oylanıw, pikirlew ju`zege keledi. Bunday jag`dayda pedagoglar o`spirimnin` ata-anaları menen tıg`ız baylanıs du`ziwi kerek. Aldınnan ayırım ta`jiriybeli oqıtıwshılardın` ha`m klass basshılardın` islewinde bir qansha unamlı na`tiyjelerdi anıqlawg`a boladı. O`spirim jasında oqıwshılar o`z jas o`zgesheliklerine sa`ykes tu`rde ha`r qıylı ba`sekilesiw, pikirlesiw ha`m o`z-ara sa`wbetlesiwlerge jaqın boladı. Sonlıqtan da oqıtıwshılar joqarı klass oqıwshıları menen ka`siplik qızıg`ıwlarına baylanıslı mektepte:

- ashıq esikler ku`ni;
- aldın`g`ı ka`sip iyeleri menen ushırasıwlar;
- ha`r qıylı mektep orınlarına ekskursiyalar;
- ka`sip tan`law boyınsha diskussiyalar;
- «Menin` su`ygen ka`sibim» temasında erkin temada shıg`arma jumısı tan`lawları tag`ı basqa is-ilajlar o`tkerilip barıladı.

[1] Xasanboev J. Sariboev X, Niyozov G, Xasanboeva O, Usmonboeva M. Pedagogika. (o`quv qo`llanma), Toshkent, Fan, 2006 y, 32-bet.

Sonday-aq oqıtıwshılar ayırım jasındag`ı oqıwshılardın` ata-anaları menen balalarının` ka`sipke qızıg`ıwı bag`darında anketa tu`rindegi sorawlardı beriwi mu`mkin ha`m o`z gezeginde ata-analar sorawlarg`a o`z imkaniyatlarınan kelip shıg`ıp to`mendegishe juwap beriwi mu`mkin:

1. Sizin` ul (qızın`ız) qanday ka`sip iyesi bolıwg`a qızıg`adı?

2. Shan`araqta ul (qızın`ızdın`) qızıg`atug`ın ka`sibi, qa`nigelik bag`darı boyınsha sa`wbetlesesiz be?

3. Ul-qızlardın` sol ka`sipti (onın` qızıqqan ka`sibi) tan`lawına siz qarsılıq bildiresiz be?

4. Ul-qızın`ızdın` keleshekte iyeleytug`ın ka`sibi ushın qosımsha metodikalıq a`debiyatlar a`kelip beresiz be?

5. Perzentimizdin` ka`sip tan`lawı ushın belgili sharayatlar, qolaylıqlar jaratıp bergensiz be?

O`spirim jasındag`ı oqıwshılardın` belgili ka`sipti yaki ilim tiykarların iyelew protsesinde turmıs ta`jiriybesinin` bayıwı ha`m oy-pikirinin` ken`eyiwi menen birge o`spirimlerdin` qızıg`ıwshılıqları, a`sirese biliw xarakterindegi qızıg`ıwshılıqları qa`liplesip ha`m rawajlanıp baradı. Biliwge ha`wes etiw o`spirimler minez-qulqı ushın xarakterli na`rseler. Bul waqıttın` o`zinde bir qansha qızıg`ıwshılıqtın` bolıwı, olardın` tez ha`m orınsız almasıwı u`stirtin qızıg`ıwshılıqtı qanaatlandırıwg`a, turmıstın` ha`r qıylı tarawlarına jen`il, a`hmiyetsiz mu`na`sebetti qa`liplestiriwge alıp keledi. Sonlıqtan da oqıwshılardag`ı o`spirimlik bir neshe bag`dardan qızıg`ıwshılıqlardı irketug`ın, onı durıs bag`darlay alatug`ın oqıtıwshılar ta`jiriybesinen kelip shıg`atug`ın bolsaq, bular og`ada durıs is dep esaplaymız. Biraq ayırım jag`daylarda o`spirim usınday jol menen ko`binese tu`sinbey turmıstın` tiykarg`ı bag`darlang`anlıg`ı sıpatında tiykarg`ı oraylıq qızıg`ıwshılıqtı ha`m tu`rlishe tarawlarda o`zin sınap ko`retug`ınlıg`ın da ushıratıwg`a boladı.

O`spirim jasındag`ı oqıwshılardın` ka`sipke qızıg`ıwın durıs bag`darlaw ushın mektep ha`m mektepten tıs bilimlendiriw mekemelerindegi do`gereklerde oqıw, ta`rbiya jumısına ta`sirindegi qızıg`ıwshılıqlarg`a biyimliklerge baylanıslı

o`spirimlerde uqıplıqlar qa`liplesip, anıq ko`rine baslaydı. Mısalı: ko`rkem-o`nerge, su`wretlew o`nerine, a`debiy-do`retiwshilik uqıplıqlar qa`liplese baslaydı. Sonday-aq matematikanı sistemalı ha`m jalıqpay u`yreniw, matematikalıq uqıplıqlardın` qa`liplesiwine alıp keledi. Matematikanı ha`m fizikanı u`yreniw tiykarında er balalarda texnikag`a bolg`an qızıg`ıwshılıq ha`m uqıplıqlardın` rawajlanıwı seziledi. Er balalardın` texnikalıq do`retiwshiligi ko`rgizbelerde avtomat basqarılatug`ın a`sbaplardı o`zi men`geriwge umtılıwın oqıwshılardın` durıs bag`darınan da rawajlandırıp barıw za`ru`r. Bunda oqıwshılardın` wazıypası:

- birinshiden, o`spirim jasındag`ı oqıwshılardag`ı uqıplıq ha`m qa`biletti, qızıg`ıwshılıqtı barınsha rawajlandırıwı;

- ekinshiden, barlıq oqıwshılarda qızıg`ıwshılıqtın` ha`m uqıplıqlardın` jaqsı qa`liplesiwi ushın jag`day jaratıp beriw kerek.

O`spirimlik jasta oqıwshılarda belgili ka`sipke qızıg`ıwshılıq qa`liplese baslaydı. Belgili ka`sipke bag`darlanıw ulıwma bilim beretug`ın mekteplerde-aq durıs sho`lkemlestiriliwi ha`m bag`darlanıwı kerek. Mısalı: litseylerge; ha`r qıylı ko`sip-o`ner kolledjlerinde ta`lim alıwdın` o`spirimler ushın o`zine ta`n a`hmiyetli ta`repleri bar. Atap aytqanda litseylerde joqarı oqıw orınlarına kiriw ushın tayarlıq ha`m pa`nlerdi teren`irek men`geriw bolsa, ka`sip-o`ner kolledjlerinde tu`rli ka`sip boyınsha turmıstın` ha`r qıylı tarawlarında islew ushın bag`darlanadı. En` baslısı oqıtıwshılar ha`m ata-analar o`spirim jasındag`ı oqıwshılar ushın baslı ka`sipke bag`darlawı kerek. O`spirimler mektepte alg`an bilimlerin teren`lestirip, ha`r qıylı ka`sip iyeleri isleytug`ın orınlarg`a ekskursilarg`a barıp, o`z ko`zi menen ko`rip, fabrika, ka`rxana, zavodlarda sol tarawda islep atırg`an jumısshılar menen a`n`gimelesip, ka`sipler haqqında a`debiyatlar menen tanısıp, ma`mleketlik talaplardı, o`z ma`pleri, qızıg`ıwshılıqların ha`m de uqıplıqların esapqa ala otırıp ka`sipti tan`lay aladı. Mug`allimler ha`m ata-analar ka`sipti durıs tan`lawında u`lken klastag`ı o`spirim oqıwshılarg`a za`ru`rli pedagogikalıq ha`m metodikalıq ja`rdem ko`rsetiwi tiyis. O`spirim jastag`ı oqıwshılarda ko`binese o`z aldına miynet etip turmıs keshiriwge u`yretiw – bul arqalı olarda keleshekke, erten`gi ku`nge bolg`an u`mit, isenim, o`z-o`zine bolg`an juwapkershilik sezimleri artadı.

O`spirimlerdi ka`sipke bag`darlaw boyınsha to`mendegi is-ta`jiriybeni de ayrıqsha atap o`tiwge boladı. Mısalı: «Maktab va hayot» jurnalında mekteplerde ka`sip-o`nerge bag`darlawshı sananın` jobalastırılg`an is rejesi to`mendegishe u`lgiler berilgen. Is-ilajlar to`mendegishe ko`rsetilip, og`an juwapker shaxslarda belgilengen:

1. Quramında mektep direktorı ha`m onın` orınbasarı, oqıwshılar, pedagoglar, ka`sipke bag`darlawshı, akademiyalıq litsey ha`m ka`sip-o`ner kolledjleri ha`m ata-analar wa`killeri quramın tastıyıqlaw ha`m du`ziw.

2. Ka`sip-o`nerge bag`darlaw komissiyasının` jumıstı rejelestiriw ha`m bir ayda bir ma`rte jıynalıs o`tkeriwdi ta`miyinlew.

3. Oqıtıwshılar ha`m klass basshıları ka`sipke bag`darlaw boyınsha alıp barılıp atırg`an jumısların u`yreniw, analiz islew.

4. Akademiyalıq litsey ha`m ka`sip-o`ner kolledjlerinin` jıllıq qabıllaw imkaniyatların u`yretiw ha`m pitkeriwshilerdi olarg`a bag`darlaw.

5. Akademiyalıq litsey ha`m ka`sip-o`ner kolledjlerinde o`tkeriletug`ın «Ashıq esikler» ku`ninde oqıwshılardın` qatnasın ta`miyinlew.

6. «Kim bolsam eken» diywalın turaqlı tu`rde shıg`arıw.

7. Miynet sabaqların o`tiwde ka`sip-o`ner kolledjlerinin` islep shıg`arıw ustaxanalarınan paydalanıw boyınsha birge islesiw.

8. Klass basshılardın` ha`m kitapxanalardın` is rejelerinde ka`sip-o`nerge bag`darlang`an ma`selelerdin` kirgiziliwine usınıs beriw.

9. Oqıwshılardı sol aymaqta jaylasqan islep shıg`arıw ka`rxanalarına, olardag`ı bar ka`sipler haqqında mag`lıwmatlar ha`m sol is sharayatı, protsesi menen tanıstırıw maqsetinde ekskursiya sho`lkemlestiriw».

O`spirimlik jas – bul turmıstı, miynet etiwdi o`zi belgileytug`ın jas. Usıg`an baylanıslı u`lken mektep jasında ja`miyetlik paydalı miynetti ha`m oqıwdı sho`lkemlestiriwdin` a`dewir joqarı formaları u`lken a`hmiyetke iye. Mektepler aralıq oqıw-o`ndirislik kombinatlarında ha`m ka`rxanalardın` tsexlarında miynet, qa`wenderlik etiwshi ka`rxanalardın` wa`killeri menen o`ndirislik ustazlar menen mudamı isshen`lik qarım-qatnasta bolıwı – bul o`spirim jasındag`ı oqıwshılardın`

ka`sipke bag`darlanıwına ayrıqsha ta`sir etedi. Sebebi ol o`nimli miynet xarakterine iye bolıwı, bul miynet protsesinde materiallıq o`ndiris salasında miynetke su`yispenshilik ha`m hu`rmet qa`liplesedi.

Jas o`spirimler joqarı klaslarg`a kelip basım ko`pshiligi o`zlerinin` keleshegin a`dewir yamasa sa`l ayqın belgileydi. Al olardın` ayrımları mektepti tamamlay kelgende de belgili ka`sipke bag`darlanbaydı. Sebebi olardın` ayırımlarında ka`siplerdin` ko`pshiligi haqqında onın` tu`sinigi bolmag`anlıqtan, ka`sipke durıs bag`darlana almaytug`ın jag`dayları boladı. Sebebi belgili ka`siptin` adamg`a qanday talaplar qoyatug`ın, onnan qanday sıpatlardı talap etetug`ının belgileydi. Sonlıqtan o`spirim jasındag`ı oqıwshılardı ka`sipke durıs bag`darlaw, olarda o`ndirislik ka`siplerge de hu`rmet ha`m su`yispenshilik sezimlerin oyatıw ushın oqıtıwshılar ha`m ata-analar olardı ka`sipke bag`darlawı kerek.

O`spirimlerdin` fizikalıq rawajlanıwı ha`m onın` den-sawlıg`ın baqlap barıw, olardın` salamatlıg`ın meditsinalıq jaqtan qadag`alap barıw a`hmiyetli wazıypalardın` biri bolıp esaplanadı. Fizikalıq rawajlanıw degende bala biologiyalıq rawajlanıw da`rejesin belgilep beriwshi morfologiyalıq funktsionalıq belgiler jıyındısı tu`siniledi. Sonın` menen birge fizikalıq rawajlanıw ha`r bir shaxs rawajlanıwının` bir ta`repi bolıp, en` a`hmiyetli ha`m genetikalıq faktorlar menen baylanıslı biologiyalıq taraw boladı. Hawa rayı tu`rlishe bolg`an geografiyalıq orınlarda ha`r qıylı sharayatlarda jasawshı o`spirimlerdin` fizikalıq rawajlanıwı bir-birinen parıqlanadı. Bul faktorlar: sırtqı ortalıq ta`siri, awqatlanıwındag`ı o`zinin` o`zgeshelikleri ha`m onın` a`detleri, ta`rbiyalıq, genetikalıq ha`m basqa faktorlar menen belgilenedi. Sol mu`na`sebet penen usı jag`daydı u`yreniw en` a`hmiyetli ilimiy ha`m a`meliy baqlawdı da arttıradı.

F.F.Erisman o`spirimlerdin` fizikalıq rawajlanıwın ha`r qıylı sotsiallıq ortalıqqa baylanıslı ekenligin anıqlag`an. Sotsiallıq ortalıq qanshelli jaman bolsa, jasawda sonshelli jaman boladı. F.F.Erisman o`tkergen izertlewler ma`mleketimiz rawajlanıwının` son`g`ı tariyxıy basqıshlarında fizikalıq rawajlanıwdı u`yreniwde tiykar bolıp xızmet etedi. O`spirimlerdin` fizikalıq rawajlanıw o`zgesheligi - izertlewler na`tiyjelerinde den-sawlıg`ındag`ı alg`a ilgerilewlerdi salamatlastırıw

sho`lkemlerinin` a`hmiyetliligin rawajlandırıw ha`m og`an baha beriw, o`siw ko`rsetkishleri bolıp ta esaplanıwı mu`mkin. «Fizikalıq rawajlanıw» tu`sinigi ko`binese «Organizmdegi fizikalıq ku`sh zapasların belgilep beretug`ın ha`m jas o`zgesheliklerinen o`spirim organizminin` normal o`siwi ha`m rawajlanıw o`lshemi bolıp xızmet etetug`ın organizm o`zgesheliklerinin` rawajlanıw da`rejesi» dep tastıyıqladı.

O`spirimlerdin` fizikalıq rawajlanıwın u`yreniw metodları ha`m mag`lıwmatlardı statistikalıq jaqtan qayta islew printsiplerin an`satlastırıwg`a ko`plegen meditsinalıq sho`lkemler o`zlerinin` u`lesin qostı. Bir qansha ilimiy jumıslar Oraylıq Aziya ma`mleketleri ha`m basqa da ma`mleketlerde o`spirimlerdin` fizikalıq rawajlanıwın u`yreniwge qaratılg`an. V.P.Chirikova-Divaeva (1939-1940); S.N. Ywldasheva (1945); D.I.Saidakbarova (1956); G.Z.Nurmuxammedov ha`m O.T.Ushnurtseva (1972); Q.S.Tolaganov (1978) sıyaqlı izertlewshiler izertlew jumısların alıp barg`an.

Tashkent qalasında jasaytug`ın o`spirimlerdin` fizikalıq rawajlanıwın u`yrengen P.P.Afanasenko (1963) Frunze qalasında jasawshı qırg`ız milletine say 1285 oqıwshının` fizikalıq rawajlanıw da`rejesin anıqlag`an. O`spirimlerdin` fizikalıq rawajlanıwı ha`m den-sawlıg`ın u`yreniw waqtında belgilengen tapsırmalarg`a tiykarlanıp, olardın` u`stinde bir qatar izertlewler o`tkergen. Barlıq waqıtta o`tkeriletug`ın baqlawlar organizmdegi ol yamasa bul buzılıwlardı erteden anıqlaw ha`m olardı joq etiw sharaların ko`riw imkaniyatın beredi. Ayırım o`spirimlerdin` fizikalıq rawajlanıwın u`zliksiz baqlaw – individual izertlew usılı dep aytıladı. Bul usıl shaxstın` turmısı, ku`n ta`rtibi, awqatlanıw ta`rtibi, basının keshirgen kesellikleri ha`m tag`ı basqalar menen baylanıslı o`siwi ha`m rawajlanıwının` o`zine ta`n o`zgesheliklerin anıqlaw, sonın` menen birge barlıq o`siw da`wiri tiykarında fizikalıq rawajlanıw tezleniwin u`yreniw imkanın beredi.

Fizikalıq rawajlanıwdın` individual u`yreniw usılınan tısqarı, ulıwmalastırıwshı usılı da qollanıladı. Bul usıl ja`rdeminde qısqa waqıt ishinde o`spirimlerdin` u`lken bir topars solayınsha tekseriledi. Alıng`an mag`lıwmatlardı statistika ja`rdeminde islep shıg`ıw ha`r bir jas ha`m jınıslıq o`spirimler toparının`

ortasha fizikalıq rawajlanıwın anıqlawg`a imkaniyat beredi. Ortasha ko`rsetkishler fizikalıq rawajlanıwının` jasına qaray belgilenetug`ın boladı. Ha`r qıylı hawa rayı bolg`an u`lkelerde, ha`r qıylı qala ha`m awıllarda, tu`rli ma`ha`llelerde meditsinalıq oraylar sho`lkemlestirildi. Fizikalıq rawajlanıw baqlawlarında R.Martin usıng`an sigmal ag`ıw usılı ken` qollanıladı.

Bul usılda shaxstın` fizikalıq rawajlanıwı, ol ag`za bolg`an topardag`ı balalardın` fizikalıq rawajlanıwı menen salıstırıladı. Shaxstın` fizikalıq rawajlanıwının` tiykarg`ı tarawlarına (boyı, awırlıg`ı, ko`kirek aynalası ha`m t.b.) tiyisli jas ha`m jınıslıq toparlar sol belgilerdin` ortasha ko`rsetkishleri menen salıstırıladı; anıqlang`an ayırmashılıq tiyisli sigmag`a bo`linedi. Sigmada ko`rsetilgen ortasha ko`rsetkishlerden ag`ıw – sigmal ag`ıw boladı. Ag`ıw da`rejesine qaray ortasha, ortashadan joqarı, joqarı, ortashadan to`men ha`m to`men fizikalıq rawajlanıwlar salıstırıladı.

Fizikalıq rawajlanıwdan tısqarı, profil` ja`rdeminde rawajlanıw sa`ykesligi anıqlanadı. Sigmal ag`ıwlardı anıqlaw jolı menen fizikalıq rawajlanıwg`a baha beriw usılındag`ı u`lken kemshilik sonnan kelip shıg`adı. Fizikalıq rawajlandırıwdın` ha`r tu`rli belgisi o`z aldına basqa belgiler menen baylanıspag`an halda bahalanadı. Fizikalıq rawajlanıwdın` tiykarg`ı ko`rsetkishleri ortasında payda bolg`an qarım-qatnas penen olardı sonday tarawdan islep shıg`ılg`an usılınan paydalanıp a`melge asıradı. Sol maqsette boydın` tik turg`an halındag`ı dene awırlıg`ı ha`m boyının` tik turg`an halındag`ı ko`kirek aynalası menen baylanıslılıg`ın belgilew ushın baylanıslıq shınjırı du`ziledi, baylanıslılıq arqag`a qaytıw sigması bolıp esaplanadı. Keyingi waqıtlarda fizikalıq rawajlanıwdın` individual bahalaw usılın paydalanıw da mu`mkin.

Dene awırlıg`ınan jasına qaramay paydalanıw, payda bolg`an jan`a pikirlerge tiykarlanıp, balalarda tuwılg`anınan tap 14 jasqa deyin neshe jasta bolıwınan tısqarı ortasha dene awırlıg`ı anıqlanıp alınadı. Ha`zirgi zaman iliminin` toplag`an ontogenezdin` tu`rli basqıshlarında tu`rli organlar ha`m sistemalardın` du`zilisi ha`m aktivliginin` o`zine ta`n o`zgeshelikleri haqqındag`ı mag`lıwmatlar biologiyalıq jasın anıqlawg`a sharayat jaratıp beredi.

Ha`zirgi waqıtta fizikalıq rawajlanıwg`a baha beriwge boladı. Mektep oqıwshılarının` biologiyalıq jasın anıqlawda dene uzınlıg`ın, jıllıq o`siwin, tislerinin` rawajlanıwı ha`m jınıslıq jetilisiw da`rejesin esapqa alıw kerek boladı. Bul jas rawajlanıwının` tu`rli tarawlarında bir-birine baylanıslı boladı. Organizmnin` ayırım bo`limleri ha`m organizmnin` o`siwi en` aldın menen sol tarawdın` tezligi menen xarakterlenedi. Dene uzınlıg`ı o`mirinin` son`ına kelip o`zgerip baratug`ın integral ko`rgizbe bolıp, ondag`ı ayırım su`yeklerdin` o`siwi ha`m rawajlanıwı o`zine baylanıslı boladı. Embriogenezdin` en` aldın`g`ı basqıshınan baslap ayırım su`yekler normadag`ı o`lshemi boyınsha o`zinin` son`g`ı o`lshemine jaqın, basqaları bolsa alısta boladı.

**Dene awırlıg`ı.** O`spirimlerdin` fizikalıq rawajlanıwın bahalaw dene awırlıg`ının` tiykarg`ı baqlawlarınan biliwge boladı. Dene uzınlıg`ı ha`m ko`kirek aynalasınan parıq qılıp, dene awırlıg`ı tez-tez o`zgeriwshen` baqlaw bolıp, ol tu`rli ishki ha`m sırtqı faktorlar ta`sirinde tez o`zgerip turadı.

**Ko`kirek quwıslıg`ı.** Ko`kirek quwıslıg`ının` o`lshemi de fizikalıq rawajlanıwdı bahalawda paydalanılatug`ın tiykarg`ı ko`rsetpe bolıp esaplanadı. Ko`kirek quwıslıg`ının` o`lshemi ha`m de onın` rawajlanıw da`wirinde bir qansha da`rejede o`zgeredi. Bul bolsa ishki ag`zalardın` u`lkeyiwi ha`m de topografiyasının` o`zgeriwine, jelke ha`m beldegi bulshıq etlerinin` fizikalıq awırlıq ta`sirine ha`m de onın` o`zine say bolıwına, sonın` menen birge kishkene denesinin` vertikal jag`dayına baylanıslı boladı.

O`spirimlerdin` fizikalıq rawajlanıwın somotoskopiya izertlewshileri ku`ndizgi jaqtılıq waqtında bo`lme hawasın keminde 18-20 da`rejede ıssı bolg`anda o`tkeredi. Somotoskopiya jag`dayında gewde, ko`kirek quwıslıg`ının`, qarıwının`, qol ha`m ayaqlarının` ko`rinisi, may basıw da`rejesi, bulshıq etler ha`m su`yek sistemaları rawajlanıwının` o`zgeshelikleri anıqlanadı. Somotoskopiya usılı o`spirimlerdin` dene du`zilisi tu`rin ha`m de onın` nızamlıqların anıqlawg`a ja`rdem beredi. Gewde degende arqasın, erkin turg`an kishi gewdesin ko`z aldımızg`a keltiremiz. Gewde basının`, jelke, ko`kirekler, ayaq-qollarının` jag`dayı, denenin` du`zilisi, omırtqa pag`anası qıysıqlıg`ı, o`tkir su`yek o`speleri

sızıg`ının` jag`dayın o`z ishine aladı. O`spirimlerde o`siw ha`m de rawajlanıw waqtında tiklengen omırtqa pag`anasının` quwıslıg`ı (reptsestor) o`zinin` funktsiyasın atqaratug`ın, fizikalıq jumıstı orınlaw waqtında u`lken fiziologiyalıq ha`m de biomexanikalıq a`hmiyetke iye boladı. Omırtqa pag`anası arqa miy ushın qorg`anıw wazıypasın atqaradı. Bunnan tısqarı omırtqalardın` ishindegi eritrotsitlerdi payda etedi ha`m fosfor, kal`tsiydi de saqlap turadı. Omırtqa pag`anasının` ha`reketshen`ligi onın` tu`rli bo`limlerinde tu`rlishe bolatug`ınlıg`ın da aytıp o`tpekshimiz. Moyınnın` bir bo`leginde omırtqa pag`anası ko`birek aylanba ha`reket etedi, iyiliw ha`m durıs jazıw ha`reketlerin orınlaydı, al ko`kirek bo`liminde bunday ha`reket etiwge bolmaydı. Omırtqa pag`anasının` iyiliwshen`ligi ha`m ko`p ha`reket etiwi pu`tkil ku`n dawamında o`zgerip turadı. Tu`ngi uyqıdan 1,5-2 saat o`tkennen keyin omırtqa pag`anasının` uzınlıg`ı 0,5-1 sm ge kishireyedi ha`m jastın` o`tiwi menen qısqarıp baradı, biraq bunday waqıtta olardag`ı buzılıwlar ko`p ushırasadı.

Organizm ushın kerekli bolıp xızmet etetug`ın omırtqa pag`anası 21 jasqa deyin rawajlanadı. Bo`pelerde omırtqa pag`anası qıysıqlıg`ı bolmaydı. Bala basın erkin uslay baslag`anda moyını qıysıq bolıwı mu`mkin, keyin ala bala o`zi ju`retug`ın bolg`anında beli qıysıq boladı. O`spirimler gewdesi o`zine ta`n o`zgesheliklerge iye. O`siw ha`m de rawajlanıw jag`dayında o`spirimler gewdesinde o`zgerisler qızlarda 11-12 jastan, ul balalarda 12-13 jastan baslanadı. O`spirimler gewdesinin` qanday bolıwı ko`binese sırtqı faktorlar ta`sirinde yamasa mektepte oqıytug`ın gigienalıq talaplar, fizikalıq shınıg`ıw ha`m tag`ı basqalarg`a baylanıslı boladı. O`spirimlerdin` su`yek-bulshıq etler sistemasında u`lken o`zgerisler ju`z beredi. 12-13 jaslarda ko`kirek quwıslıg`ı rawajlanadı. 10-17 jas arasında o`spirimnin` gewdesi u`lkenlerdin` gewde du`zilisine uqsap qaladı. Omırtqasının` bekkemligi artadı.

O`spirimlerde ko`kirek quwıslıg`ı ha`r qıylı boladı. ko`p waqıt aralıg`ında natuwrı otırıw yamasa jazıwdan o`spirim parta yamasa stanokta qa`te otırıwdan ko`kirek quwıslıg`ı o`zgeriwi ha`m de qa`te rawajlanıwı mu`mkin. To`s su`yeginin` rawajlanıwı ushın gigienalıq tarawı a`hmiyetli orın tutadı.

O`spirimlerde to`s su`yegi bir-birine birigip ketip, erkin u`sh su`yekten turadı. Boljap qarasaq 7 jastan baslap su`yekler bir-biri menen baylanısıp turadı ha`m bul protsess 20-21 jasqa jetkende tamamlanadı. Bunı a`sirese qızlarda esapqa alınıw kerek. To`s su`yeginin` rawajlanıwı o`spirim qızlardın` biyik o`ksheli tufli kiyiwi na`tiyjesinde o`zgerip keledi. Ayaq normada, tegis, jalpaq bolıwı mu`mkin. Solay etip o`spirim gewdesinin` ju`da` erte yamasa ol basınan keshirip atırg`an barlıq tosıqlar, otırıwı, turıwı, ju`riwi ha`m barlıg`ı rawajlanıp baradı.

Jınıslıq garmonlar skeletinin` o`siwi ha`m de su`yekleniwine, ekilemshi jınıslıq belgilerinin` payda bolıwına, bulshıq etlerdin` rawajlanıwı ha`m de bulshıq etlerinin` ku`shlerinin` ko`beyiwine, zatlar almasıwına, ulıwma organizmnin` aktivliginin` asıwına ja`rdemlesedi. Bulshıq etler ku`shi qandag`ı jınıslıq garmonlar sanının` ko`beyiwine baylanıslı boladı. Anıq bir waqıtta jınısqa say bolg`an garmonlardın` ayqın ajıralıwı menen kishi jastag`ı o`spirimlerde skelet, bulshıq etler, teri astı may bo`liminin` rawajlanıwında jınıslıq ayırmashılıqlar ko`rinip turadı. O`spirimlik da`wirinde dene ha`m sırtqı ko`rinisindegi o`zine ta`n o`zgeshelikler tolıq rawajlanadı. Denenin` o`siwi ha`m o`zgeriwindegi o`zgesheliklerdi biliw o`spirimlerdi sport tu`rlerine (bag`darlaw) iytermelew ha`m tan`law ushın u`lken a`hmiyetke iye boladı.

**Salamatlıqtı u`yreniw o`lshemleri** Insannın` den-sawlıg`ın, onın` o`miri, qartayg`ansha jumıs uqıplılıg`ın saqlap qalıwı ko`p a`sirlerden beri izertlewshilerdin` dıqqat orayında bolıp kiyatır. Ha`zirgi waqıtta ma`mleketimizde ha`m sırt ellerde shıg`arılıp atırg`an a`debiyatlarda «Salamatlıq» tu`sinigi tu`rlishe ko`rsetilip berilmekte. Meditsinada bir qanshama «Salamatlıq basqıshları» parıqlanadı. Ko`rinip atırg`an adam ulıwma saw, den-sawlıg`ı jaqsı dep alınıwı mu`mkin. Barlıq organlar ha`m sistemalar sırtqı ortalıqta og`an sa`ykeslenip hesh qanday kesellik belgileri bolmag`an adam ulıwma saw-salamat insan boladı.

Ulıwma den-sawlıg`ı jaqsı adamlar ko`p ushıramaydı. Anıqlap o`tkerilgen fiziologiyalıq, meditsinalıq ko`riklerden ha`m basqa izertlewshiler arqalı ulıwma den-sawlıg`ı zor dep ta`n alıng`an, ko`binese onshelli u`lken bolmag`an, ayırım jag`daylarda awırlaw kesellikler anıqlanadı. Bunday kesellikler a`dettegi jag`dayda

sub`ektiv seziniwlerde bilinbeydi. Ayırım organlardın` funktsionallıq jag`dayın ha`m a`sirese insannın` jumıs uqıplılıqların baqlawda insanlardın` g`ana emes, sol menen birge funktsiyalardın` normada islewi haqqında boljawlarg`a da a`mel etiw kerek. Ha`zirgi waqıtta ulıwma insanlardın` ha`m o`spirimler organizminin` tiykarg`ı funktsiyaları, sistemaları jumıs uqıplılıg`ının` en` anıq da`rejesi belgilenbegen, tiyisli normativler joq. Sol sebepli insannın` dinamikalıq salamatlıg`ı ha`m jumıs uqıplılıg`ının` en` ayqın normativlerin islep shıg`ıw profilaktikalıq-meditsinanın` en` a`hmiyetli wazıypalarının` biri bolıp esaplanadı.

Salamatlıqtı belgilep beriwshi faktorlar ha`m jag`daylardı baqlap barıw da adamlardın` meditsinalıq jag`dayın u`yreniwge kiredi. Bunda ta`biyiy ha`m sotsiallıq faktorlardın`: ta`biyiy jag`daylar, sotsiallıq turmıs jag`dayları ha`m basqa da faktorlardın` quramalasqan jıyındısı boladı. O`sip kiyatırg`an organizimnin` ha`m biologiyalıq, ha`m sotsiallıq funktsiyaları qanday rawajlanıp atırg`anın ko`rsetip beriwshi ko`pten-ko`p baqlawlar o`spirimlerdin` salamatlıqların u`yreniwde shıpakerler ju`da` a`hmiyetli orındı iyelegen. U`lkenlerdin`, o`spirimlerdin` salamatlıqların u`yreniwde qa`wipli keselliklerdi anıqlaw a`hmiyetli orın tutadı. Adamzat jer ju`zinde qanshadan beri jasap atırg`an bolsa, ko`p waqıtlardan beri uzaq jasaw jolın izlep kelmekte. Tek g`ana jasawdı emes, o`mirinin` aqırına shekem jaqsı ha`reketshen`likti, salamat aqıl ha`m ku`sh-qu`diretti de saqlap qalıwdı a`rman etpekte.

Ha`zirgi waqıtta salamat turmıs ta`rizine a`mel etpewshilik erte qartıyıwg`a ha`m o`limge sebepshi bolıwı da`lillengen. Salamat turmıs ta`rizi bul – ta`rbiyalawda zıyanlı a`detler: spirtli ishimliklerden, nikotin ha`m de basqalardan uzaq ju`riwdi ta`rbiyalaw boladı. O`z nervin basqarıwdı u`yreniw – autogen shınıg`ıwlardı orınlaw ju`da` a`hmiyetli orın tutadı. Bul o`zin-o`zi isendiriw, boysınıw sistemalı ra`wishte boladı. Bul orında jaqsı pazıyletlerdi sanalı ko`riniste ko`beytiriw ha`m jaman sezimlerdi kemeytiriw yamasa o`z sanasın haqıyqatqa iytermelew kerek boladı. Biraq da`lilsiz o`zin-o`zi isendiriwge berilip ketpew kerek. Bul zıyanlı a`det bolıp qalıwı mu`mkin. Islep shıg`ılıp atırg`an ma`selenin` aktuallıg`ın esapqa alıw, Jer ju`zlik den-sawlıqtı saqlaw sho`lkemi Evropa

regionallıq byurosı den-sawlıqtı saqlaw sistemasındag`ı bir qansha wazıypalar arasınan to`mendegishe wazıypalardı ko`rsetip beredi: «1995-jılg`a barıp Jer ju`zlik den-sawlıqtı saqlaw sho`lkemine ag`za bolg`an barlıq ma`mleketler salamat turmıs ta`rizin bekkemlew sharaları a`dewir da`rejede ken`eytirilgen bolıwı kerek. Bul bolsa normada awqatlanıw, shegiwden o`zin saqlaw, fizikalıq ma`deniyatın rawajlandırıw, sonın` menen birge adamlarda nerv kesellikleri jag`dayınan shıg`ıw jolların da ta`rbiyalaw menen baylanıslı».

Ha`zirgi da`wirde sonı aytıp o`tiwimiz kerek, barlıq ko`rsetip o`tilgen o`spirimlerdin` salamalıg`ın saqlawg`a, keselliklerdin` bar ekenligine yamasa joq ekenligine emes, al sonın` menen ja`ne olardın` qalay rawajlanıwına, funktsiyalarının` normal da`rejesine de baylanıslı boladı. Salamatlıqtı baqlap barıwdın` to`mendegishe o`lshemleri islep shıg`ılg`an (S.M.Grombax):

1. Tekseriwden o`tiw waqtında juqpalı keselliklerdin` barlıg`ı yamasa joqlıg`ı;
2. Organizmnin` tiykarg`ı sistemalarının` funktsionallıq jag`dayının` da`rejesi;
3. Organizmnin` jaman ta`sirlerge qarsılıq ko`rsetiw da`rejesi;
4. Erisilgen rawajlanıw da`rejesi ha`m de onın` salamatlıg`ı.

Salamatlıqtı baqlap barıwda sırtqı ortalıqtın` bala organizminin` o`siwi ha`m rawajlanıwına qolaysız ta`sirin ko`rsetiwshi jaqsı ha`m jaman isenim o`lshemi bolıp, onnan o`spirimler salamatlıg`ın qadag`alap barıw, bekkemlew barısında profilaktika jumısların islep shıg`ıw ha`m olardı sho`lkemlestiriw ushın paydalanıladı. Dawalawdın` salamatlastırıw u`stinde sa`wbetlesiwler o`tkeriw paydalı boladı, olardı sho`lkemlestiriw ushın o`spirimler salamatlıg`ındag`ı o`zgerislerdi erteden anıqlaw, olardın` den-sawlıg`ın saqlawdın` a`hmiyetli buwınlarının` biri bolıp esaplanadı. Meditsinalıq ko`riklerdin` a`hmiyetliligin asırıwda, o`spirimlerdin` rawajlanıw ha`m salamatlıg`ındag`ı tu`rli o`zgerislerdi anıqlawdı jaqsı jolg`a qoyıwda, o`spirimler salamatlıqların u`yreniw ta`jiriybelerine diagnostika skrining-testler qoyıw a`hmiyetli orın tutadı.

**O`spirimler rawajlanıwının` o`zine ta`n ayırım o`zgeshelikleri.** Son`g`ı 100-130 jıl ishinde du`n`ya ju`zindegi ko`plegen ma`mleketlerde akseleratsiya jag`dayı yag`nıy o`spirimlerdin` aldıng`ı a`wladqa qarag`anda o`siwi ha`m

rawajlanıwının` ilgerilewi gu`zetilmekte. Bul jag`day a`debiyatlarda rawajlanıw akseleratsiyası, ilgerilew, a`wladlar biomorfoziyası dep ataladı. G.P.Salnikova, M.V.Antropova ha`m basqalardın` izertlewleri de son`g`ı 10-15 jıl dawamında ul balalar denesinin` uzınlıg`ı ortasha 1,5 santimetrden 5,1 sm ge, qız balalarda bolsa 2,1 sm den 3,9 sm ge o`skenligi ko`rsetilgen. Fizikalıq rawajlanıwdın` basqa ko`rsetpeleri boyınsha ha`m o`siw waqtında ju`z beretug`ın boladı. Ha`zirgi waqıtta sonday mag`lıwmatlar bar, olarg`a qarag`anda bala ele ana qarnında jatqanınan baslap-aq onın` o`siw energiyası asıp baradı ha`m o`mirinin` aktiv da`wiri tawsılg`ansha, yag`nıy organizmdegi barlıq o`siw ha`m rawajlanıw protsesleri son`ına jetkenshe dawam etedi.

Ayırım izertlewshiler fizikalıq ta`rbiya ha`m de sport jas a`wladtın` o`siwi ha`m rawajlanıwına xoshametlewshi ta`sir o`tkeredi, degen pikirlerdi bildiretug`ın bolg`an. O`spirimlerdin` fizikalıq rawajlanıwında ja`ne de joqarı baqlawlarg`a erisiwi, olardın` tez rawajlanıwına alıp keledi. Bul bolsa olardı uzaq waqıt dawamında u`zliksiz u`yreniw waqtında anıqlang`an. Biraq tilge alıng`an faktorlardın` birewide akseleratsiya waqtında o`zinin` mexanizmlerinin` sebeplerin ashıp bere almaydı, onın` biologiyalıq tarawınan sotsiallıq a`hmiyeti quramalasıp ketiwi mu`mkin. R.A.Kalyujnaya ha`m G.N.Serdyukovskayalar o`sip kiyatırg`an organizmnin` biologiyalıq-ximiyalıq ha`m sotsiallıq faktorlardın` a`hmiyetin organizmnin` rawajlanıwında u`yrengen eken. Akseleratsiya ma`seleleri sotsiallıq faktorlardag`ı a`hmiyeti u`lken ekenligi aytıladı. Ko`binese boyına o`sken o`spirimlerde jınıslıq jetiklik jeterli da`rejede bolmay, olar a`dette awırlıg`ı jag`ınan arqada qaladı. Olardın` ko`kirekleri tar, ku`shsiz ha`m shıdamsız boladı, sol sebepten bunday o`spirimlerde organizmnin` funktsional ilajları ortasha rawajlanıwındag`ı ten`qorlarına qarag`anda a`dewir kem boladı.

Bir ta`repleme akseleratsiya rawajlanıwında bolg`an o`spirimler ha`tteki shıpaker qadag`alawında bolıwı kerek. O`spirimlerdin` salamatlıg`ı fizikalıq ha`m ruwxıy rawajlanıw jag`dayındag`ı waqıtları, olardın` fizikalıq ta`rbiyası, a`sirese jınıslıq jetiklik da`wirindegi rawajlanıwında meditsinalıq qorg`aw a`hmiyetli orın

tutadı. O`spirimler organizminin` o`zine say o`zgesheliklerin, ruwxıy ha`m aqılıy rawajlanıwın biliwleri, pedagogikalıq ha`m ta`rbiyalıq jumısın ilimiylik tiykarda sho`lkemlestirilgen normada rawajlanıw waqtında ha`r qanday shaxs S.M.Grombaxtın` pikirinshe to`mendegi tu`rlerdin` birewine durıs keliwi mu`mkin. Bunda:

1. Gewde uzınlıg`ı anıq jas ushın normadan u`lken. Jınıslıq jetiliw da`rejesi anıq jasqa durıs keletug`ın da`rejede pa`s boladı.

2. Jınıslıq jetiliw da`rejesi tiyisli jastan joqarı. Dene uzınlıg`ı da usı jas normasınan azıraq.

3. Dene uzınlıg`ı ha`m de jınıslıq jetiliw da`rejesi ha`m anıq jasqa tiyisli bolg`an da`rejede joqarı. A`ne sol son`g`ı sa`ykeslengen organizmnin` funktsional sharaların paydalanıwı mu`mkin. Aldıng`ı ekewi a`dette bunday sharalardın` kemewine alıp keledi. Jumıs penen bolıp qalg`anın normada keltiriwde fizikalıq jaqtan itibarg`a alıw kerek.

**O`spirimlerdin` ku`n ta`rtibi.** Ku`ndelikli ku`n ta`rtibi salamat turmıs ta`rizinin` tiykarshısı. Durıs sho`lkemlestirilgen ku`n ta`rtibine organizmnin` fiziologiyalıq sistemalar qubılısı bir tegis tu`sedi, dinamikalıq stereotip ta`rizde qurıladı, onı saqlap turıw ushın kem-kemnen az ku`sh talap etedi. Ku`n ta`rtibine sonday refleksdegidey ha`mme waqıt a`mel etiw kerek. Ku`n ta`rtibine jaqsı a`mel qılıw balalardın` nerv sistemasın ha`m pu`tin organizminin` tolıq rawajlanıwın ta`miyinleydi, onın` tu`rli keselliklerge qarsılıg`ın ku`sheytiredi, aktivligi ushın energiya payda etedi. Ku`n ta`rtibine sonday a`mel etiw kerek, onda awqatlanıw, uyıqlaw, dem alıw, bo`lmede yamasa ashıq hawada bolıw, otırıp islew ha`m aktiv ha`reket, fizikalıq shınıg`ıwlar ha`m de miynet aktivligi o`z waqtında bolsın. Sonday rejimli bolıwg`a a`mel etiw ju`da` u`lken a`hmiyetke iye – bul na`rse ta`rtipti, adamnın` ku`shin, parızın ha`m waqtın tejewge, salamat adamlardag`ı gigienalıq ko`nlikpelerdi ta`rbiyalaydı.

A`sirese rejimge balalar tez ko`nip ketedi, biraq balalıqta sha`rtli reflekslerdin` qa`liplesiwi an`sat boladı ha`m bul dinamikalıq stereotiplerde, a`dettegi minez-qulıq a`dep normasına bekkemlenedi. Ku`n ta`rtibi balalardı qayta

ta`rbiyalawda isenimli qural, zıyanlı a`detlerdi joq etiw, paydalı ko`nlikpelerdi payda etiw faktorı bolıp xızmet etedi. Ata-analar saw-salamat, fizikalıq jaqtan rawajlang`an balalardı ta`rbiyalaw – shan`araqtın` en` a`hmiyetli wazıypası bolıp esaplanadı. Sol sebepten ha`r bir shan`araq salamat turmıs keshiriwi kerek. Balalarg`a gigiena nızamlıqların u`yretiw ha`m olarg`a a`detlendiriw kerek.

Ku`n ta`rtibi – bul shınıg`ıwlar ha`m dem alıw tu`rlerin jaqsı o`zgertirip turıw, ku`nnin` ha`r bir saatınan jaqsı, u`nemli paydalanıw kerekligin, ha`r bir minnetin anıq belgilep qoyıw boladı. Jaqsı ku`n ta`rtibine tiykarlang`an turmıs balalardın` fizikalıq rawajlanıwına, olardın` salamat bolıwına ja`rdem beredi. Organizmnin` funktsional jag`dayı bir ku`n dawamında birdey bolmaydı, bul bolsa fiziologiyalıq funktsiyalardın` biologiyalıq ritmi menen belgilenedi.

Oyanıwdan baslap fiziologiyalıq funktsiyalardın` da`rejesi asıp ko`bi menen 11-13 saatqa jetedi, keyin ala kemeyedi. Balalar, o`spirimler ha`m jigit-qızlardın` miyneti ko`plegen, biraq fizikalıq awırlıqlar bolg`an, isleniwi qıyın bolg`an en` qolaylı miynet bolıw kerek, biraq bul organizmge jaqsı ta`sir ko`rsetedi. Fizikalıq ku`shti talap etiwshi miynet organizmge emes, al balanın` sotsiallıq jaqtan rawajlanıwı ushın jaqsı ta`sir etedi. Balalarg`a sonday jumıslar tapsırılıwı kerek, bul jumıstın` bala organizminin` jasına, fizikalıq jumıslar jeke o`zgesheliklerin esapqa alıp beretug`ın bolsın. Bunnan tısqarı berilgen jumıs organizmnin` jası, ku`shine qaray qıyınlastırılıp barılıwı tiyis.

**Durıs awqatlanıwdı sho`lkemlestiriw.** Organizmdegi barlıq ju`z Bergen waqıyalar tiykarı organizm ha`m sırtqı ortalıq ortasında zatlar almasınıwı bolıp turıwı boladı. Adam kislorod, suw ha`m azıq-awqat zatların sırtqı ortalıqtan aladı. Organizmnin` azıq-awqat zatlarına bolatug`ın fiziologiyalıq mu`ta`jligi awqatlanıw ha`m de adamnın` jasına, jınısına, energiya jumsawına, oraylıq nerv sistemasının` jag`dayına, ishki sekretsiya bezleri funktsiyasına, sonın` menen birge sırtqı ortalıqqa baylanıslı boladı. O`spirimlik jasında o`siwine, rawajlanıwına ha`m den-sawlıg`ına durıs awqatlanıw u`lken ta`sir etedi. Sonın` ushın o`spirimnin` awqatlanıwın durıs sho`lkemlestiriw profilaktikalıq shara-ilajlar sistemasında en` a`hmiyetli faktorlar qatarına kiredi. Awqat tiykarg`ı gigienalıq talaplardı qandırıwı

kerek. Organizmnin` barlıq energiya sarplanıwın toltırıw ushın o`spirimdi durıs awqatlandırıw kerek. Organizmnin` energiyası ha`m basqa za`ru`rliklerdi qandırıw, zatlardın` almasıwı ushın kerek bolg`an awqatlardı jep ju`riw durıs awqatlanıw bolıp esaplanadı. Awqatlandırıwdın` rejimi durıs awqatlanıwdın` tiykarg`ı elementleri esaplanadı. O`spirimler awqatlanıwına itibar beriledi, olardın` awqatın sho`lkemlestiriwde miynet, jasının` anatomiyalıq-fiziologiyalıq o`zgeshelikleri ha`m de o`siwi, rawajlanıwı esapqa alınadı.

**Jeke gigiena.** Jeke gigiena nızamlıqların orınlaw tek g`ana individual emes, sotsiallıq a`hmiyetke de iye boladı. egerde bir adam jeke gigiena nızamlıqlarına boysınbasa, a`mel qılmasa, bul o`z shan`arag`ında, ol oqıytug`ın, isleytug`ın jerinde juqpalı keselliklerdi tarqatıwda sebepshi bolıwı mu`mkin. Jeke gigiena tu`sinigine kiretug`ın shınıg`ıwlar shen`beri de ken` bolıp esaplanadı. Bul o`zin taza tutıw, miynet etkende, awqatlang`anda jeke gigienag`a boysınıwı kerek, o`zi jasaytug`ın jerdi taza tutıw ha`m t.b. kiredi. Usı bo`limde o`spirimler ta`rbiyasına tiyisli bolg`an shınıg`ıwlar ko`rsetiledi. Bug`an terini taza, shashtı, tislerdi taza tutıw kerek boladı ha`m t.b.

Terini normada onı keselliklerden saqlaw kerek boladı. Teri organizmnin` o`mirinde u`lken rol` oynaydı, ko`plegen a`hmiyetli wazıypalardı atqaradı. Salamat teride o`z-o`zin zıyansızlandırıw o`zgesheligi boladı: onda bolatug`ın zatlar almasıwı kesellik ko`rsetkishi bolg`an mikroblardı o`ltirip jiberedi. Joqarıda aytıp o`tilgen gigienalardan tısqarı ata-analar balalarına kishkene waqtınan baslap-aq ulıwma barlıq denenin` jerin taza tutıwg`a u`yretiwi kerek boladı. O`spirimler jeke gigiena nızamlıqlarına itibar beriwi a`hmiyetli wazıypa bolıp esaplanadı.

**Mektepte oqıw protsesindegi gigiena.** Ha`zirgi zamanago`y mektep oqıwshılarının` aqılıy miyneti a`dewir ko`terilgen. Bul barlıq pa`nler boyınsha oqıw programmaları qıyınlasıp baratırg`anlıg`ı menen tıg`ız baylanıslı. Bunnan tısqarı elektron esaplaw texnikası, oqıtıwda zamanago`y texnika quralları, pa`ndi o`zlestiriwdegi a`meliy oyınlar, metodlar pa`nler boyınsha quramalı programmalardı alıp keldi. Aqılıy miynetten jaqsı paydalanıw ha`m onı sho`lkemlestiriwdin` aldın alıw menen aqılıy miynet uqıplılıg`ın asırıwg`a boladı.

Aqılıy miynetti sho`lkemlestiriwde oraylıq nerv sistemasının` sol adamnın` o`zgesheliklerin esapqa alıp barıw kerek boladı. bunday o`zgeshelikti birinshi bolıp I.M.Sechenov penen I.P.Pavlov anıqlag`an edi. I.P.Pavlovtın` sha`kirti N.I.Krasnogorskiy ustazının` pikirine tiykarlanıp, balalardın` ku`shine, xarakterine ha`m nerv jag`daylarının` ha`reketshen` bolıwına, bas miy bo`limlerine ha`m de birinshi ha`m ekinshi signal sistemaları ortasındag`ı baylanısına, ta`sirine qarap, olardın` nerv sistemasın ajıratıwdı 4 toparg`a bo`ldi:

- birinshi – normada qozg`alıwshan`, ku`shli, basıq, shaqqan, den-sawlıg`ı ku`shli balalar - sangvinikler;

- ekinshi – normada qozg`alıwshan`, ku`shli, awır, a`ste ha`reket etetug`ın - sugmatikler;

- u`shinshi – ku`shli, o`te qozg`alıwshan`, ashıwshaq - xolerik;

- to`rtinshi – onsha qozg`alıwshan` emes, a`ste ha`reket etiwshi – melanxolikler.

Oqıw jılı aqırında oqıwshılardın` jumıs uqıplılıqları to`menlep ha`m ku`n ta`rtibindegi ha`r qanday o`zgeris bolsa, onı ja`ne de pa`seytiriwdin` na`tiyjesinde o`zlestiriw jamanlasıp qaladı. Sol sebepten bul da`wirde waqıttı sonday bo`listiriw kerek, oqıtıw menen oqıw birgelikte dem alıp turıwı kerek boladı. Sonda jumıs uqıplılıg`ı kemeymeydi. Miynet ha`m de dem alıw jaqsı ta`rtipte alıp barıladı. Sharshap turg`an bolsa, onı ketiredi yamasa onın` aldın aladı. Dem alıw saatlarındag`ı fizikalıq miynet te paydalı shınıg`ıw bolıp esaplanadı. Oqıwshılar o`z jaslarına jarasa jumısları, ku`shleri jetetug`ın fizikalıq miynet etiwi kerek boladı. Oqıwshılardın` jumıs uqıplılıg`ın asırıwda ha`m de salamatlıg`ın bekkemlewde aktiv dem alıwdın` en` a`hmiyetli ekenligin esapqa alıp, organizmnin` jeterli dem alıwg`a bolg`an talabın kemeytiriw kerek boladı. Bunda normada uyıqlaw tiykarg`ı a`hmiyetke iye boladı. Demalıs ha`m ekshembi ku`nleri balanın` ku`n ta`rtibi biraz o`zgeredi. Biraq uyıqlaw, awqatlanıw, o`zine jarasa erte shınıg`ıw ushın ajıratılg`an waqıt o`zgermey qala beredi. Aqılıy miynet jaqsı jolg`a qoyılg`an da g`ana aqılıy jumıs uqıplılıg`ı asadı. Aqılıy miynettin` ku`n ta`rtibin maqsetli ta`rizde fiziologiyalıq tiykarda du`ziw – tikleniw jag`dayların

ku`sheytiriwdin` sapalı faktorı bolıp esaplanadı. Ku`n ta`rtibinin` tiykarg`ı du`zilisi gigienag`a boysınıw balalar salamatlıg`ın asıradı.

**Zıyanlı zatlardın` o`spirim organizmine ta`siri.** Ulıwma ortalıqta shan` en` ko`p tarqalg`an qolaysız faktor bolıp esaplanadı. Sana, transport, awıl-xojalıg`ındag`ı ko`plegen texnikalıq tarawlar shan` payda etiwge sebep boladı. Shan` insanlarg`a, a`sirese o`spirimlerge zıyanlı ta`sir etiwi mu`mkin. Awıl-xojalıg`ında topıraqtı qarıw ha`m onı azıqlantırıw, da`n, tuqımlıq paxta ha`m t.b. tarawlarda, sanaata shan` payda boladı. Avtomobillerde bolsa quyıw tsexlarında shan` ko`teriledi.

Ayırım jerlerde sanaat shan`ı maydalanadı. Kelip shıg`ıw jag`ınan organikalıq, organikalıq emes ha`m de aralas shan`lar payda boladı. A`dette sanaat shan`ı tu`rli u`lkenlikte ko`plep mayda bo`lekshelerden ibarat boladı. Ha`r qanday jag`dayda bolıwına qaramastan, u`lkenlerine qarag`anda mayda shan` bo`leksheleri ko`p boladı. Ayırım waqıtları shan` bo`lekshelerinin` 60-80% 2 mkm ge deyin, 10-20% 2 mkm den 5 mkm ge deyin ha`m 10% 10 mkm den artıqsha diametrge iye boladı. Shan` bo`lekshelerinin` maydalanıwı na`tiyjesinde onın` pataslanıwı, zıyanlı zatlardı jutıw uqıplılıg`ı artıp baradı. A`sirese shan` azot kremniy (II) oksidinin` bolıwı salatlıq ushın u`lken qa`wip tuwdıradı ha`m de kesellik payda bolıwında o`zine say rol` oynaydı.

Dawalaw, aldın alıw profilaktika sharaları, meditsinalıq ko`rikten o`tiw, waqtı-waqtı menen olardın` den-sawlıg`ın tekserip turıwdan ibirat boladı. Awıl-xojalıg`ında enip kiyatırg`an ha`zirgi basqıshlarıda ximiya sanaatı u`lken rol` oynaydı. Tek g`ana ximiya sanaatında emes ko`plegen texnologiyalıq yamasa ekonomikalıq tiykarın ximiya tarawların payda etetug`ın qara ha`m ren`li metallurgiya, taw, ka`n, azıq-awqat, ayaq kiyim xojalıg`ı ha`m de basqa jerlerde isleytug`ın adamlar ko`plegen ta`biyiy, jasalma elementlerine dus keliwi mu`mkin. Zıyanlı (toksin) zatlar – islep shıg`arıw za`ha`rleri adam organizmine ju`da` az o`lshemde tu`ssede, organizmde fizikalıq-ximiyalıq o`z aldına bir-biri menen baylanıslı halında normada, turmıs xızmetinde tu`rli-tu`rli buzılıwlar payda boladı ha`m o`z gezeginde organizmde potologiyalıq jag`daylar zıyanlanıwlarg`a alıp

keledi. Jumıs waqtında za`ha`rli zatlar yamasa ja`rdemshi material sıpatında jumıs protsesinde qosımsha zat bolıp qollanılıwı mu`mkin. Zıyanlı zatlar organizmge dem alıw jolları, teri arqalı ha`m ayırım da`rejede awqat sin`iriw ag`zaları arqalı o`tiwi mu`mkin.

## II.2. Joqarı meктep jası oqıwshılarına ta'lim-ta'rbiya beriwde jas o'zgesheliкlerin esapqa alıw.

Joqari klass oqiwshilarinin' jasi yamasa erte jasliq balalardin' 15-jastan 17-jasqa shekemgi rawajlaniw da'wirin qamtiydi. Bul jastin' aqirinda oqiwshi o'z betinshe turmisti baslaw , joqari oqiws orninda oqiw yamasa mektepti pitirgennen keyin o'ndiriste islew ushin idealiq ha'm psixikaliq jaqtan jetkilikli da'rejede er jetedi. Joqari klass oqiwshilarinin' jasi - admnin' shaxs bolip qa'liplesiwi, o'zinin' sotsiyalliq jag'dayin belgilew, ja'miyetlik turmisqa aktiv aralasiw, shaxstin' ruwxiy sipatlarin qaliplestiriw da'wiri. Jas jigit ha'm jas qiz pu'tkilley jan'a jag'daydin' ta'sirinde qa'liplesedi. Mektepte u'lkenlerdin' jag'dayi a'miyetli ja'miyetlik jumis ta'jriybesin iyelew joqari klass oqiwshilarinin' rawajlaniwina sheshiwshi ta'sir jasaydi. Joqari mektep jasi aqirinda jas jigitler ha'm jas qizlar a'dette fizikaliq jaqtan jetilisiwdin' belgili da'rejesine erisedi. O'spirim jas ushin xarakterli bolg'an organizmnin' tez o'siwi ha'm rawajlaniwi da'wiri tamamlanadi. Salistirmali da'rejede fizikaliq jaqtan a'ste aqirin rawajlaniw da'wiri baslanadi, ju'rektin' ha'm qan tamir sistemalarinin' o'spirimlik jas ushin xarakterli bolg'an bir tegis raawajlanbawi ten'lesedi, ishki sekretsiya bezleri ritmli isley baslaydi. Denenin' o'siw pa'ti qaytadi, bulshiq et a'dewir artadi, ko'kirek kletkasinin' ko'lemi artadi skelet su'yekleri qatadi. Biraq jas jigitler ha'm jas qaizlar fizikaliq ha'm psixikaliq jaqtan a'dewir keyinrek jetilisedi. 18 jasqa shiqqanda g'ana fizikaliq ruwxiy shaxisliq jaqtan jetilisiwdin' za'ru'rli da'rejesine jetedi.

Usi jasta jas adam saylaw ha'm saylaniw huquqina iye boladi, ma'mleket nizamlari boyinsha nekelesiw ha'm shan'araq quriw huquqina iye boladi. Joqari klass oqiwshilarinin' oqiwi isi harakteri ha'm mazmuni boyinsha o'spirimlerdin' oqiw isinen a'dewir pariq etedi. Oqiwdin mazmuni tek teren'lesiwinde g'ana emes, tiykarg'i ayirmashiliq sonnan ibarat joqari

klass oqiwshilarinin’ oqiwi olardin’ aqil jag’inan aktivligine ha’m o’z betinsheligine a’dewir joqari talaplar qoyadi. Programmaliq materiyaldi teren’ o’zlestiriw ushin uliwmalasip, tu’sininip oy pikirdi ju’ritiwdi rawajlandiriwdin’ jetkilikli joqari da’rejesi za’ru’r . Oqiw protsesinde joqari klass oqiwshisinin’ ko’binese dus keletug’in qiyinshiliqlari ba’rinen burin oqig’isi kelmewi menen emes al bul jan’a jag’daylarda oqiy almawi menen baylanisli.

Joqari klass oqiwshilarinin’ oqiwg’a bolg’an mu’na’sebetine kelsek belgili ilgerilewler bayqaladi. Oqiwshilar u’lkeyedi, olardin’ ta’jriybesi bayiydi, olar o’z aldina turmis quriw bosag’asinda turg’anin tu’sinedi. Olardin’ oqiwg’a sanali mu’na’sebeti jaqsilanadi. Oqiw tikkeley turmisliq a’hmiyetli ma’niske iye boladi, o’ytkeni joqari klass oqiwshilari bar bilim, uqip ha’m ko’nlikpeleri, mektepte o’z betinshe bilim aliw uqibi ja’miyettin’ aldag’i miynetine, turmisina toliq qatnasiwdin’ za’ru’rli sha’rti ekenin ayqin tu’sinedi.

Joqari klass oqiwshilarinin’ oqiw pa’nlerin tan’law mu’na’sebetin ko’rsetip o’tiw kerek. Barliq oqiw pa’nlerine bir qiyli ten’ mu’na’sebet a’dewir siyrek boladi. Usinday qubilis o’spirimlerde de bayqaladi. Biraq a’hmiyetli bir pariq bar . O’spirimlerde oqiw pa’nlerine tan’law mu’na’sebeti mu’g’a’llimin’ oqitiwinin’ sapasi da’rejesine baylanisli . Joqari klass oqiwshilarinda bul da orin alg’an biraq oqiw pa’nlerine tan’law mu’na’sebetinin’ a’dewir a’hmiyetli sebebi basqasha – ko’plegen joqari klass oqiwshilarinda ka’sipke bag’darlanilg’an qizig’iwshiliqlar boladi. Bul tiykarda geyde og’ada namaqul qubilis bayqaladi – joqari klass oqiwshilari iyeleytug’in ka’sipke baylanisli eki u’sh pa’nge qizig’adi, basqalarina biyparwa qaraydi.

Joqari klass oqiwshilarinin’ qizig’iwshiliqlarin xarakterlep ba’rinen burin soni aytiw kerek, bul jasta jigit ha’m qizlar ol yamasa bul ilimge, bilim tarawina qizig’adi. U’lken jastag’i usinday qizig’iwshiliq oqiwshinin’ bilim ka’sipke bag’darlang’anlig’inin’ qa’liplesiwine alip keledi, ka’sip

tan’lawdi, mektepti pitkergennen keyin jigittin’ ha’m qizdin’ o’mir jolin belgileydi. Joqari klass oqiwshilarinin’ ha’r ta’repleme qizig’iwshiliqlari ilimiy do’gereklerge matematika, fizika, ximiya, tariyx, biologiya boyinsha rayonliq qalaliq respublikaliq alimpiyadalarg’a qiziqtiriwshi ilim keshelerine, viktorinalarg’a qatnasiwinda ko’rinedi. Bulardin’ barlig’i joqari klass oqiwshilarinin’ uqiplarin rawajlandiriw ushin optimal mu’mkinshilikler bolip tabiladi. Biliwge qizig’iwshiliqlarin rawajlandiriw, oqiwg’a sanali mu’na’sebettin’ o’siwi biliw protseslerinin’ bunnan bilayda erkin rawajlaniwin, olardi basqariw, sanali ta’rtipke saliw uqiplarin qadag’alaydi.

U’lken jastin’ aqirinda oqiwshilar bul ma’niste o’zinin’ biliw protseslerin (qabillawdi, yadlawshiliqti, oylawdi, sonday-aq diqatti) iyeleydi, turmistin’ ha’m jumistin’ belgili waziypalarina olardi sho’kemlestiriwdi bag’indiradi. Oqiwdi joqari klass ushin ta’n sho’kemlestiriwdin’ ta’sirinde joqari klass oqiwshilarinin’ oylanip jumis islewi, olardin’ aqil jumisinin’ harakteri a’ dewir o’zgeredi. Lektsiyalar tipindegi sabaqlar, laboratoriyaliq ha’m a’meliy jumislardi o’z betinshe orinlap barg’an sayin u’lken a’hmiyetke iye boladi, joqari klass oqiwshilari oqiytug’in materiyaldi tez-tez o’z betinshe u’yreniwine tuwra keledi. Joqari klass oqiwshilarinin’ oylaniwi o’spirimlik jasqa qarag’anda joqari da’rejede uliwmalastiriw, qubilislardi sebepli tu’sindiriwge bolg’an tendensiya, pikirdi da’lillew, arim jag’daylardin’ shinlig’in yamasa jalg’anlig’in ko’restiw, teren’ juwmaqlar shig’ariw ha’m uliwmalastiriw, u’yrenetug’in materiyaldi sistemalastiriw uqibi menen xarakterlenedi. Bulardin’ barlig’i teoriyaliq piker ju’ritiwdi, qorshap turg’an du’nyanin’ uliwma nizamlarin, ta’biyat ha’m ja’miyetlik rawajlaniw nizamlarin biliw uqibin qa’liplestiriw tiykarlari bolip esaplanadi.

Ja’miyetlik minez quliq ta’jriybesi kem-kemnen iyelewdin’, moralliq sananin’ ha’m sotsiyalliq isenimlerdin’ o’siwinin’, mektepte ilim tiykarlarin u’yreniwdin’, teoriyaliq pikir ju’ritiwdi qa’liplestiriwdin’ na’tiyjesinde joqari klass oqiwshilarinda du’nyag’a ko’z qaras qa’liplese baslaydi. Tek joqari klass oqiwshisi jo’ninde g’ana du’nyag’a haqiyqiy

ilimiy komunistlik ko’z qarastin’ qa’liplesiwi haqqinda aytiwg’a boladi. Bunin’ ushin moralliq, intelektualliq, psixikaliq jaqtan jetiskenliktin’ belgili da’rejesi za’ru’z.

Du’nyag’a ko’z qarasti qa’liplestiriw protsesinde jaslar sho’lkemi u’lken rol oynaydi. Ol joqari klass oqiwshisina ja’miyetlik paydali jumis boyinsha za’ru’zli ta’jriybe aliwina mu’mkinshilik beredi, og’ada a’hmiyetlisi oni mekteptin’ tisqarisina shig’aradi. Jaslar sho’lkeminin’ sardarinin’ ja’miyetlik jumisi mektep penen sheklenbeydi, demek ol ja’miyettin’ paydasi ushin u’lken ja’miyetlik siyasiy a’hmiyeti bar jumisqa ko’birek u’yrenisedi. Jeke adamnin’ rawajlaniw o’zgesheliklerine kelsek, onda to’mendegilerdi ko’rsetiw kerek. Joqari klass oqiwshilarinin’ sana sezimi sapa jag’inan jan’a harakterge iye boladi, ol konkret turmis maqsetleri ha’m talpiniwshiliq maqsetinde o’zinin’ moral-psixologiyaliq sipatlarin tu’siniw ha’m baxalaw talabi menen baylanisli. Eger o’spirim o’zin ha’zirgige bola bahalasa, onda joqari klass oqiwshilari o’zin keleshekke bola bahalaydi.

U’lken mektep jasinda a’dep-ikramliliq jaqtan rawajlaniwdin’ o’zgeshe sipati – bul a’dep-ikramliliq isenimler rolinin’, minez quliqta a’dep-ikramliliq sananin’ ku’sheyiwi. Ha’r qiyli jag’daylarda ha’ m sharayatlarda duris minez quliqti ta’rbiyalaw, uqibi, moralliq o’z kodeksine, a’dep-ikramliliq jol joriqlarina ha’m qag’iydalarina muwapiq is tutiw, ha’reket etiw talabi, o’z minez qulqinda olarg’a basshiliq etiw talabi atap aytqanda usinda qa’liplesedi. O’spiorimlerge qarag’anda joqari klass oqiwshilari o’zinin’ a’dep-ikramliliq sipatlarin a’dewir teren’ ug’adi ha’m tu’sinedi, tiyisli tu’siniklerdin’ qashirimlarin jaqsi tu’sinedi: «o’mirinde hesh qanday jamanliq islemegen, biraq basqalardin’ jaramsiz ha’reketlerin ko’rip itibar bermesten o’tip ketken adamdi hadal adam dewge bolmaydi», miyrimanliq adamnin’ mu’ta’jligin za’ru’rligin ko’re biliw ha’m og’an ja’rdem etiw uqibi g’ana emes, al atap aytqanda qanday ja’rdemnin’ za’ru’r ekenin seziw uqibi, kewline tiyip almay og’an usinday pa’kize ja’rdem ko’rsetiw uqibi».

Biraq ayrim jag’daylarda eski ja’miyettin’ qaldiqlari « ha’zirgi minez quliqtin’» jaman formalarin taratiwshi adamlardin’ ta’sir jasawinin’, natuwri ta’rbiyalawdin’ na’tiyjesinde ayrim jigit-qizlarda a’dep-ikramliliq jaqtan aljasiwi, teris pikirler , ha’tte bizin’ ja’miyetimizge jat moralliq printspler ha’m jol joriqlar qa’liplesiwi mu’mkin olar moralliq jaqtan buziliwg’a , arsizliqqa, hu’rmetsizlikke ha’m menmenlikke alip keledi. Maqsetke talpiniwshi jaqsi talapshan’ ortaliqta ja’miyetlik miynet ha’m turmis o’z ag’zalarina aktiv ta’sir jasap, a’dette usinday jigit qizlardin’ sanasin, minez qulaqin du’zeydi. U’ken mektep jasinda er jetkenlik sezimi bir ta’repten teren’lesedi ha’m o’tkirlesedi. O’spirimlerge qarag’anda joqari klass oqiwshilari o’zlerinin’ er jetkenligin kemsitiwge o’zin kishi adam dep sanawg’a bir qansha shidamsiz boladi. Ekinshi ta’repten, bul jastin’ aqirina kelip joqari klass oqiwshilari o’zinin’ individuallig’in ko’rsetiwge , o’zin tastiyqlawg’a umtiladi. Eger burin o’spirimlik jasta oqiwshi o’zin u’kenlerdin’ moyinlawina umtilsa, u’lkenler menen bir qatarda turiwg’a umtilsa, endi ol o’zinin’ individuallig’in, o’zgesheligin orginallig’in, u’kenlerdin’ uliwma massasina ajiralip shig’ip o’zin ko’rsetiw huquqin moyinlatpaqshi boladi. Modag’a o’sh boliw , abstrakt iskusstvog’a qizig’iw jaqpaytug’in minez quliq mine usinnan ibarat.

**Joqari klass oqiwshilarinin’ miynet etiwi ha’m ka’sip tan’lawi .** O’z aldina miynet etip turmis keshiriwge jaqin perspektivada otiwdin’ ta’siri astinda joqari klass oqiwshisi ushin harakterli keleshekke bag’darlang’anliq qa’liplesedi. U’lken mektep jasi – bul turmisti miynet etiwdi o’zi belgileytug’in jas. Usig’an baylanisli joqari klass oqiwshilari ja’miyetlik paydali miynetti ha’m oqiwdi sho’lkemlestiriwdin’ a’dewir joqari formalari u’lken a’hmiyetke iye . Mektepler araliq oqiw o’ndirislik kombinatlarinda ha’m karxanalardin’ oqiw tsexlarinda miynet, qa’wenderlik etiwshi karxanalardin’ wa’killeri menen, o’ndirisshi ustazlar menen mudami isshen’lik qarim – qatnas bulardin’ barlig’i joqari klass oqiwshilarinin’ miynetine pu’tkilley basqasha xarakter beredi. Ol o’nimli miynet xarakterine iye boladi,

bul miynet protsesinde materiyalliq o’ndiris salasinda miynetke su’yispenshilik ha’m hu’rmet qa’liplesedi. Mektepti pitkeriwshilerdin’ basim ko’pshiligi o’zlerinin’ keleshegin a’dewir yamasa sa’l ayqin belgileydi. Al olardin’ ayrimlari mektepti tamamlay kelgende de o’mir jolin belgilemeydi. Joqari klass oqiwshilari ka’siplerdin’ ko’pshiligi haqqinda aniq tu’sinigi bolmag’anliqtan ka’sipke duris bag’darlana almaytug’in jag’daylarda boladi. Belgili bir ka’siptin’ adamg’a qanday talaplar qoyatug’ini, onnan qanday sipatlardi talap etetug’inin bilmeydi. Joqari klass oqiwshilarin ka’sipke duris bag’darlaw, olarda o’ndirislik ka’siplerge su’yispenshilik ha’m hu’rmet sezimin oyatiw, ma’mleketlik za’ru’rli bir qatar ka’siplerdin’ sotsiyalliq abroyin ko’teriw ushin arnawli jumis ju’rgiziwi kerek.

## Juwmaqlaw.

Ta`lim –ta`rbiyada balalardin` jas o`zgesheliklerin esapqa aliwdin` pedagogikaliq a`hmiyeti og`ada ulli. Ata-babalarimiz og`ada erte waqitlardan-aq bala ta`rbiyasinda olardin` jas o`zgesheliklerin esapqa aliwdi birinshi oring`a qoyip kelgen. A`lbette ha`r bir jas da`wirindegi balanin` o`siw, o`zgeriw, ruwxiy jaqtan jetilisiw minez qulqinin` qa`liplesiw o`zgeshelikleri ha`r qiyli. Ta`lim-ta`rbiyada bul o`zgeshelikler esapqa alinsa a`lbette jas o`spirimlerdin` na`wqiran jaslar bolip jetilisiwi so`zsiz.

Bizin` ulli babalarimiz, shig`istin` ko`rnekli alimlari Farabiy, Beruniy, Ibn Sino, Ulug`bek t.b ta`lim-ta`rbiya islerinin` sa`tli boliwi balalardin` jas da`wirlerin esapqa aliwg`a baylanisli ekenligin o`z miynetlerinde da`lillep bergen. Alimlardin` ko`rsetiwinshe balaliq to`mendegi da`wirlerge bo`linedi.

1. Shaqalaq da`wiri.
2. Yasli da`wiri.
3. Baqsha da`wiri.
4. Mektepke tayarliq da`wiri.
5. Kishi mektep jasi.
6. Orta mektep jasi (o`spirimler).
7. Orta arnawli, ka`siplik kolledj jasi.

Jumis Kirisiw bo`liminen ibarat bolip bunda ta`lim-ta`rbiyada jas o`zgesheliklerdi esapqa aliwdin` ta`lim-ta`rbiyaliq a`hmiyeti, jumistin` aktuallig`i, jumistin` maqset ha`m waziypalari, jumistin` izertlew obiekti, izertlew metodlari, jumistin` toliq du`zilisi berilgen.

Jumistin` birinshi babinda Mektep oqiwshilarina ta`lim-ta`rbiya beriwde olardin` jas o`zgesheliklerin esapqa aliwdin` pedagogikaliq a`hmiyeti. Jumistin` ekinshi babinda Orta ha`m joqari mektep jasi balalarinin` jas o`zgesheliklerine qaray rawajlaniwi qa`liplesiwi ha`r ta`repleme sa`wlelengen. Kishi jastag`i oqiwshinin` su`yek sistemasi qa`liplesiw basqishinda boladi – segizko`z, ko`kirek kletkasi, buwinlar ele qatayip bola qoymaydi, su`yek sistemasinda kemirshek toqimalar ko`p boladi. Bulardin` barlig`in diqqatqa aliw

ha`m oqiwshilardin` duris ju`ris turisi, boyin tiklep ju`riwi haqqinda g`amxorliq etiw za`ru`r. Kishi mektep jasinda barmaqlardin` ha`m buwinlardin` qatayiwi protsesi ele tamamlanbaydi, sonliqtanda qoldin` barmaqlarina ha`m buwinlarinan mayda ha`m aniq qiymillari a`sirese birinshi klass oqiwshilari ushin qiyin ja`ne jaliqtirarli boladi. Miy funktsionalliq jaqtan jetilisedi – miy qabig`inin` analitik – sintezlik funktsiyasi waziypasi rawajlanadi, ekinshi signal sistemasi aytarliqtay rawajlanadi, biraq usinin` menen birge kishi mektep jasinda birinshi signal sistemasi salistirmali da`rejede basimlig`in ele saqlaydi. Ta`sirleniw ha`m irkilip qaliw protseslerinin` salistirma qatnasi kem-kemnen o`zgeredi : ta`sirleniw buring`isinsha basim bolsa da irkilip qaliw protsesi barg`an sayin ku`sheyedi, sonliqtanda kishi jastag`i oqiwshilar joqari da`rejede ta`sirlengish ha`m qizba boladi. Olar ha`reketti ko`p ta`wir ko`redi, oni mu`mkinshiligi bolg`aninsha qanaatlandiriw – ta`nepiste, sabaqlardan keyin seyilge shiqqanda juwiriwg`a ha`m oynawg`a ruxsat etiwi kerek.

Jumistin` son`inda minaday juwmaqqa keliwge boladi. Kishi jastag`i oqiwshinin` fizikaliq rawajlaniw da`rejesinde mektepte ha`m u`yde ku`ndelikli sistemali oqiw-tayarlaniw menen shug`illaniwg`a toliq boladi, ja`ne olar balani jaliqtirmaydi, sharshatpaydi, u`lken ku`sh bolip tu`speydi.

U`shinshi bapta, O`spirim jasi b`alalarinin` o`zine ta`n o`zgeshelikleri, rawajlaniwi, ta`rbiyasi ken` so`z etildi. Bul da`wirde balalardin`

O`spirimlik jastag`ı o`zgeshelikler olardı esapqa alıp ta`rbiyalaw jo`ninde pedagog ilimpazlar to`mendegilerdi atap ko`rsetedi: «O`spirimlerdin` iskerliginde oqıw ayrıqsha orın tutadı. Ayırım pa`nlerdi o`zlestiriwde u`lgermewshilik, sabaqqa nemquraydılıq jag`dayları ko`zge taslanadı. Geyde o`z betinshe tapsırmalardı orınlawda belsendilik penen ko`zge tu`sedi. O`spirimnin` ta`rtip-intizamında unamsız jag`daylar ko`rine baslaydı. Bul jag`day onın` o`z betinshe, erkin bolıwına umtılıwının` tiykarında ju`zege keledi. Eger oqıtıwshı oqıwshı o`zgesheliklerin jaqsı bilmese, qoyılg`an talaplarda birlik, jaqınlıq bolmasa ha`m de olar tiykarlanıp berilmese, o`spirimnin` minez-qulqında u`lkenlerge boysınbawshılıq sıyaqlı o`zgerisler payda boladı. O`spirim oqıwshılardın` itibarın oqıwdın` tısqarı jumısları

da o`zine tartadı. O`spirimler de belgili bag`darg`a iye ha`reketli islerde o`zinin` jeke sıpatların ko`rsete alıw imkanına iye boladı».

«O`spirim oqıwshılardı ja`miyetlik jumıslarg`a qatnastırıw olarda belsendilik, baslamashılıq sıyaqlı pa`zıyletlerdin` qa`liplesiwine de tiykar boladı. Sebebi o`spirim ushın onın` o`z ten`les doslarının` pikiri oqıtıwshılarının` da, ata-analarının` da pikirlerinen go`re ko`birek ta`sir etedi. Sonın` ushın o`spirim klaslas dosları arasında abıroy arttırıwg`a, o`z ornın, qa`dirin bildiriwge tırısadı. Geyde oqıwshı o`zin oqıwda yamasa ja`miyetlik jumıslarda ko`rsete almasa, og`ada to`men oqıytug`ın oqıwshıg`a da oylanıp qalıwı mu`mkin. Al o`z gezeginde oqıtıwshı yamasa klass basshısı oqıwshısın hesh waqıtta dıqqat-itibarınan shette qaldırmawı kerek yamasa waqtın biykarg`a o`tkeriwine jol qoymawı kerek»[2].

O`spirimlerdi ka`sipke bag`darlaw boyınsha to`mendegi is-ta`jiriybeni de ayrıqsha atap o`tiwge boladı. Mısalı: «Maktab va hayot» jurnalında mekteplerde ka`sip-o`nerge bag`darlawshı sananın` jobalastırılg`an is rejesi to`mendegishe u`lgiler berilgen. Is-ilajlar to`mendegishe ko`rsetilip, og`an juwapker shaxslarda belgilengen:

1. Quramında mektep direktorı ha`m onın` orınbasarı, oqıwshılar, pedagoglar, ka`sipke bag`darlawshı, akademiyalıq litsey ha`m ka`sip-o`ner kolledjleri ha`m ata-analar wa`killeri quramın tastıyıqlaw ha`m du`ziw.

2. Ka`sip-o`nerge bag`darlaw komissiyasının` jumıstı rejelestiriw ha`m bir ayda bir ma`rte jıynalıs o`tkeriwdi ta`miyinlew.

3. Oqıtıwshılar ha`m klass basshıları ka`sipke bag`darlaw boyınsha alıp barılıp atırg`an jumısların u`yreniw, analiz islew.

4. Akademiyalıq litsey ha`m ka`sip-o`ner kolledjlerinin` jıllıq qabıllaw imkaniyatların u`yretiw ha`m pitkeriwshilerdi olarg`a bag`darlaw.

5. Akademiyalıq litsey ha`m ka`sip-o`ner kolledjlerinde o`tkeriletug`ın «Ashıq esikler» ku`ninde oqıwshılardın` qatnasın ta`miyinlew.

6. «Kim bolsam eken» diywalın turaqlı tu`rde shıg`arıw.

---

[2] Xasanboev J. Sariboev X, Niyozov G, Xasanboeva O, Usmonboeva M. Pedagogika. (o`quv qo`llanma), Toshkent, Fan, 2006 y, 32-bet.

7. Miynet sabaqların o`tiwde ka`sip-o`ner kolledjlerinin` islep shıg`arıw ustaxanalarınan paydalanıw boyınsha birge islesiw.

8. Klass basshılardın` ha`m kitapxanalardın` is rejelerinde ka`sip-o`nerge bag`darlang`an ma`selelerdin` kirgiziliwine usınıs beriw.

9. Oqıwshılardı sol aymaqta jaylasqan islep shıg`arıw ka`rxanalarına, olardag`ı bar ka`sipler haqqında mag`lıwmatlar ha`m sol is sharayatı, protsesi menen tanıstırıw maqsetinde ekskursiya sho`lkemlestiriw».

O`spirimlik jas – bul turmıstı, miynet etiwdi o`zi belgileytug`ın jas. Usıg`an baylanıslı u`lken mektep jasında ja`miyetlik paydalı miynetti ha`m oqıwdı sho`lkemlestiriwdin` a`dewir joqarı formaları u`lken a`hmiyetke iye. Mektepler aralıq oqıw-o`ndirislik kombinatlarında ha`m ka`rxanalardın` tsexlarında miynet, qa`wenderlik etiwshi ka`rxanalardın` wa`killeri menen o`ndirislik ustazlar menen mudamı isshen`lik qarım-qatnasta bolıwı – bul o`spirim jasındag`ı oqıwshılardın` ka`sipke bag`darlanıwına ayrıqsha ta`sir etedi. Sebebi ol o`nimli miynet xarakterine iye bolıwı, bul miynet protsesinde materiallıq o`ndiris salasında miynetke su`yispenshilik ha`m hu`rmet qa`liplesedi.

Ta’lim-ta’rbiyada jas o’zgesheliкlerdi esapqa alıwdın’ a’hmiyeti og’ada ullı eкenligi joqarıdag’ı meкtepкe sheкemgi ha’m meкtep jası balalarının’ jas o’zgesheliкlerin u’yreniw barısında кo’rdiк.

# Paydalang'an a'debiyatlar

1. Karimov İ.A. xozirgi bosqichda isloxotlarni chuqurlashtirishning muxim vazifalari. Marifat gazetası. 1996 30-avgust.

2. Karimov.İ. Barkomol-avlod «O'zbekiston taraqqiyotining poydevori» «Ma`rifat» gazetasi. 1997.y. 30-avgust.

3. Alimov A. «Bilimdi jan'alaw da'wir talabı». No'кis bilim 1992j

4. Barкamol avlod orzusi- T. Sharq 1999y

5. «Bilimlendiriw haqqındag'ı o'zbeкistan respubliкasının' nızımı». Qaraqalpag'ıstan mug'allimi jurnalı. 1997j 3-4-san 35-bet.

6. Juraev R. «Orzular ruyobi». Toshкent 2001j

7. Задюн И.С.«Осново педагогического мастерства».М.Педагогика. 1991

8. İbragimov X.İ. Abdullaeva Sh. «Pedagogiкa» (uquv qullanma) T.2004.

9. Krutetsкiy V.A. «Psixologiya». No'кis bilim. 1991j

10. Maxmudov M. «Komil inson shaxsi va ijtimoiy tajiriyba». Pedagogiк maxorat. 2002 4-son.

11. «Pedagogiкa» (A. Munavvar taxriri ostida) T. 1991.

12. Mamajonov A. «Oquvchilarda кasbiy madaniyatini shaкillintirish va rivojlantirish ijtimoiy, ixtisodiy va pedagogiк muammoalari». Maкtab va hayot jurnali. 2004y 17-bet.

13. Tursunov İ. Nishonaliyev U. «Redagogiкa кursı». T. oqituvchi 1997

14. G'oziyev Z. Snif raxbari ishini tashкil etish va rejalashtirish. T. «universitet» 1994y

15. Xasanboev J.İ. Uzlıksiz talim tizimida taxsil oluvchilarning oquv imкoniyatlarini aniqlash. T. Fan. 2005y

16. Onalarg'a psixolog maslaxati. Toshкent 2002y.

17. Шылманов.П, Корсеев.О.Б «Каракалпакские подвижные игры в школе» Нукус. Каракалпакстан 1978-г.

18. Munavvarov A.Q. Oyla pedagogikasi. Toshkent, O'zbekiston, 1994.

19. Xasonboeva Oysha. «Kuni uzaytirilgan guruhlarda tarbiyaviy ishlar». Toshkent, Uqituvchi, 1994.

20. Mirtursunov Z. «O`zbek xalq pedagogikasi». T. 1973

21. Qaraqalpaq Folklorı. III tom. No`kis . «Qaraqalpaqstan» baspası 1978.

22. Ayımbetov. Q «Xalıq danalıg`ı» No`kis «Qaraqalpaqstan» 1988.

23. Xoshimov.K, Nishanova.S t.b «Pedagogika tarixi» T. «Uqituvchi» 1996

24. Исмоилова З. Педагогикадан амалий машғулотлар. – Т., 2001.

25. Сластенин В.А., Исаев И. Ф., Шиянов Е. Н. Общая педагогика (Учебное пособия). – М., 2003.

26. Подласый И. П. Педагогика. В 2-х кн. (Учебное пособия). – М., 2003.

27.Латышина Д.И. История педагогики. (Учебноепособия). – М., 2003.

**Elektron ta’lim resurslari**

1. www. tdpu. Uz
2. www. pedagog. Uz
3. www. Ziyonet. Uz
4. www. edu. Uz
5. tdpu-INTERNET. Ped6. www. nutq. intal. Uz